ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№67-68 (23.476) ● 2017 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 15, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Iутlыж махуэшхуэм ирихьэлIэу цIыхухэм зэрехъуэхъур

**Къэбэрдей-Балъкъэрым ис православнэ чристэнхэм си гуапэу сохъуэхъу Iутlыж махуэшхуэмкIэ.**

А ГУФIЭГЪУЭР цIыхум и къэщIэрэщIэжыныгъэм, гъащIэмрэ гурыщIэ лъагэхэмрэ я дамыгъэщ икIи цIыхухэм гуфIэгъуэрэ гугъапIэрэ ярет, Iуэхуфlхэр лэжьыным трегъэгушхуэ, лIэщIыгъуэ куэд зи ныбжь тхыдэ, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэу ди лъэпкъхэм къадэгъуэгурыкIуэхэм псоми я гупэр хуегъаззэ.

Псоми я зэхуэдэ гурыщIэ лъапIэхэм республикэм исхэр хузэщIэгъэуIуэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкI Къэбэрдей-Балъкъэрым и православнэ члисэхэм. Адрей динхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, къэралым быдэу япыщIауэ абыхэм Iуэхушхуэхэр ялэжь граждан мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ гъэбыдэным, динхэм, лъэпкъхэм я зэдэлэжьэныгъэм зегъэубгъуным хуэгъэзауэ икIи езэш ямыщIэу йогугъу ди жылагъуэм и зэхэщIыкI лъагэм зегъэужыным, щIэблэр гъэсэным.

Мы махуэм си гуапэу православнэ чристэнхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми сохъуэхъу мамырыгъэ, фIыгъуэ, ефIэкIуэныгъэ яIэну.

## КъБР-м и Iэтащхьэр «Урысей мэкъумэшбанк» акционер зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ Патрушев Дмитрий IуощIэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Правительствэм и Унэм иджыблагъэ щыхуэзащ «Урысей мэкъумэшбанк» акционер зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Патрушев Дмитрий.**



ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ ди щIыналъэм щагъэзащIэ инвестицэ проект пэрытхэм банкыр зэрыхэлэжьыхьым, агропромышленнэ комплексым, экономикэм и нэгъуэщI IэнатIэ нэхъыщхьэхэм зегъэужьынымкIэ программэхэр зыгъэзащIэхэм зэрадэIэпыкъум.

Гулъытэ хэха хуащIащ мэкъумэшыщIэхэм зи чэзу губгъуэ лэжьыгъэхэм зэрызыхуагъэхьэзырым, абыхэм кредитхэр зэрыхухахым, льготэ зиIэ щIыхуэхэр Мэкъумэш банкым къызэриутIыпщым.

Иджыпсту ягъэхьэзыр щIыхуэхэр зратынухэм я реестрыр икIи ар мыгувэу хуагъэхьынущ Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

## Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэр зи щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIахэм яхуозэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Правительствэм и Унэм щахуэзащ зи щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIа цIыхухэм.**

МЭКЪУМЭШ хозяйствэм, социальнэ IэнатIэм, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм, гъуэгухэр егъэфIэкIуэным, экологием, нэгъуэщIхэми ятеухуа Iуэхухэр а махуэм республикэм и унафэщIым и пащхьэ къыщаIэтащ Налшык къалэм, Бахъсэн, Iуащхьэмахуэ, Шэджэм, Шэрэдж районхэм щыпсэу цIыхухэм. Апхуэдэу лъэIу щхьэхуэхэр теухуауэ щытащ зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэхэм ядэIэпыкъуным, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэмкIэ зэтрихьа щIыхуэр зэщхьэщыхауэ егъэпшыныжыным, сабий куэд зиIэ унагъуэхэм защIэгъэкъуэным.

КъБР-м и къэрал властым и IэнатIэ щхьэхуэхэм я унафэщIхэм къалэн щащIащ цIыхухэм я лъэIухэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ зэхагъэкIыу зыхуэфащэхэм зыщIагъэкъуэну.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м къыдигъэкIа Указ №241-УГ-мкIэ къищтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету **унафэ сощI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм пыухыкIауэ хэтхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м къыдигъэкIа Указ №241-УГ-мкIэ къищтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн икIи абы къыхэгъэкIыжын Къэзанш Л. Б.
2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м*
*№51-УГ*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетыр зэхуэщIыжыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и лIыкIуэ (законхэр къыдэзыгъэкI), гъэзэщIакIуэ органхэр къызэгъэпэщынымкIэ псоми я зэхуэдэ хабзэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 17-нэ статьям и пункт 4-м, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым япкъ иткIэ **унафэ сощI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетыр зэхуэщIыжын икIи абы и къалэнхэр игъэзэщIэну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм бгъэдэлъхьэн.
2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я къызэгъэпэщыкIэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я къызэгъэпэщыкIэм и IуэхукIэ» 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа Указ №199-УГ-мкIэ къищтам, зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи абы и пункт 3-м хэгъэкIыжын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитет» псалъэхэр.
3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын:

мы Указым тету зэхъуэкIыныгъэхэр къызэригъэпэщыну;

езым и хабзэ мардэхэмрэ актхэмрэ мы Указым иригъэзэгъэжыну.

4. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м*
*№52-УГ*



● ЗэIущIэхэр

## Къару зэкъуэткIэ

**Iимам Iэбу Хьэнифэ и цIэр зезыхьэ Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетым мэлыжьыхьым и 13-м щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ республикэм и муслъымэн дин IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэмрэ я зэIущIэ. Абы хэтащ властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я унафэщIхэр, республикэм и къалэхэмрэ и къуажэхэмрэ я раис-Iимамхэр.**

КIУЭКIУЭ Юрий университетым егъэджэныгъэ Iуэхухэр зэрыщекIуэкIым щыгъуазэ зыхуищIащ, студентхэм епсэлъылIащ. Ирагъаджэхэм щытыкIэ тэмэм къыхуэзэрагъэпэщ, университетыр мылъкутехникэ лъабжьэ хъарзынэ зиIэщ, тхылъхэмкIэ ирокъу.

Зэхыхьэр къыщызэIуихым, республикэм и Iэтащхьэм къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ европей къэралхэм, Тыркум иужь зэманым къыщыхъуахэр, Санкт-Петербург щалэжьа щIэпхъаджагъэр.

- А псори щыхьэт тохъуэ апхуэдэ гуауэ дэнэ щIыпIи къыщыхъеинкIэ зэрыхъунум. Абы къыхэкIыуи гурыIуэгъуэщ, идеологие ихъу-ипкIым нэхъ лъэщу дыпэщIэтын зэрыхуейр. Мыбдежым щIэсхэми фэлъытащ щIэблэм я дуней еплъыкIэр, я щхьэ къихьэну гупсысэхэр зыхуэдэнур. ПсынщIэпсынщIэу зызыхъуэж гъащIэм зыхагъэзэгъэнымкIэ ныбжьыщIэхэм дадэIэпыкъупхъэщ. Дунейпсо хъым, Интернетым, и гугъу щытIщкIэ, нэрылъагъущ, ар Iей хъунуми фIыкIэ къытхуэупсэнуми, зэлъытахэм дэри дазэрыщыщыр.

Иужь илъэсхэм къару зэкъуэтхэм республикэм щахузэфIэкIащ терроризмэм и хуэмэбжьымэхэр къыщагъэтIэсхъэну. АрщхьэкIэ, КъБР-м и Iэтащхьэм къызэрилъытэмкIэ, дигухэр дгъэфIу дызэтесабырэжыну иджыри пасэщ, зэфIэдгъэкIын хуейри мащIэкъым. Псом япэрауэ, гулъытэ хэха хуэныкъуэщ къагъапцIэу дашэхынкIэ хъуну щIалэгъуалэр.

- НыбжьыщIэхэр гъуэгу захуэ тегъэувэнымкIэ къалэн нэхъыщхьэ зыгъэзащIэхэм фэри фащыщщ. А пщэрылъым фызэрыщехъулIэм елъытащ абыхэм ягъуэтыну псэкупсэ гъэсэныгъэр зыхуэдэнури, - дыщIигъужащ и псалъэм КIуэкIуэ Юрий.

ЗэIущIэм къызэрыщыхагъэщащи, ди республикэм мыхьэнэшхуэ зиIэ и ехъулIэныгъэхэм ящыщ зыщ дин зэмылIэужьыгъуэхэм я зэхуаку зэныкъуэкъу къызэрыщыдэмыхъуэри.

- Ди мурадщ республикэм ис Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм дяпэкIи сыт и лъэныкъуэкIи зыщIэдгъэкъуэну, - къыхигъэбелджылыкIащ КIуэкIуэ Юрий.

КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщI **Дзасэжь Хьэзрэталий** къилъытащ властым и органхэмрэ дин зэгухьэныгъэхэмрэ купщIафIэу зэдэлажьэу. Абы и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, ар мэув цIыхухэр экстремист идеологием бгъэдэшыным, мамырыгъэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ республикэм щызэтеIыгъэным я къару лъэщу.

Зэгъусэу ирагъэкIуэкI программэхэр хуэгъэзащ КъБР-м щыпсэухэр наркоманием, фадэм япэIэщIэ щIыным, щIэпхъаджагъэхэр емыгъэлэжьыным, экологие, псапащIэ Iуэхухэм дегъэхьэхыным. А псоми яхуэфащэ увыпIэ щаубыд Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъащIэм.

- Iейуэ щыIэм я къежьапIэхэм ящыщщ пэжыр ямыщIэныр, къагурымыIуэныр. Абы къыхэкIыу дэ иджыри куэд зэфIэдгъэкIын хуейщ къытхуэныкъуэ дэтхэнэми далъэIэсын папщIэ. А мурадым дыщехъулIэнур жылагъуэм и къару узыншэ псори тхузэщIэгъэуIуэмэщ, - къыпищащ и псалъэм Дзасэжь Хьэзрэталий.

ЗэIущIэм иужькIэ къыщыпсэлъахэми къыхагъэщащ ислъамым и гупсысэ нэхъыщхьэр - гущIэгъур - цIыхухэм я деж нэмыгъэсыным ехьэлIауэ зэхащIыхьхэр къызэрызэпаудын къарур нэхъри гъэлъэщын зэрыхуейр.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

● Лъэпкъ Iуэху

## Адыгэ ныпым и махуэм зыхуагъэхьэзыр

**КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд мэлыжьыхьым и 10, 14-хэм иригъэкIуэкIащ Адыгэ ныпым и махуэр гъэлъэпIэным пыщIа дауэдапщэхэр къызэгъэпэщыныр зи пщэ дэлъ гупым хэтхэм я зэIущIэхэр.**

ЗЭХУЭСЫМ кърихьэлIащ а Iуэхур нэхъ зэгъэщIылIахэу Граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ управленэм и унафэщI **КIурашын Анзор**, Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Алэкъей Арсен**, КъБР-м щыIэ МВД-м и къудамэм и унафэщI **Джаппуев Юрий**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президент **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуIу советым и тхьэмадэ **Къалмыкъ Жылэбий**, Къэбэрдей лъэпкъ конгрессым и унафэщI **Бещто Аслъэн** сымэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм къыхагъэщащ махуэшхуэм и купщIэр щIэблэм зыхегъэщIэн, дэтхэнэ лъэпкъми къэралыгъуэми я дежкIэ ныпым пщIэшхуэ зэриIэр абыхэм къагурыIуэу щытын зэрыхуейр икIи цIыхубэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэнымкIи апхуэдэ гуфIэгъуэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

А махуэм ехьэлIауэ екIуэкIыну яубзыхуахэм щхьэхуэ-щхьэхуэу щытепсэлъыхьащ зэхуэсым икIи дэтхэнэ Iуэхугъуэри зи нэIэ щIэтынухэри щагъэбелджылащ абы.

Мэлыжьыхьым и 24-м КъБР-м и Лъэпкъ музейм къыщызэIуахынущ Адыгэ ныпым и махуэм хуэгъэпса гъэлъэгъуэныгъэ.

Мэлыжьыхьым и 25-м сыхьэт 11-м Налшык Абхъазым и цIэр зезыхьэ и утым автомобилхэмкIэ щежьэнурэ ди лъэпкъ ныпыр ящхьэщыхуарзэу республикэм и щIыналъэ псори зэщIагъэхьэнущ. Ахэр ирикIуэнущ Налшык - Нартан - Аруан - Нарткъалэ - Къэхъун - Шэрэдж Ищхъэрэ - Старэ Шэрэдж - Арщыдан - Александровскэ - Тэрч - Арыкъ - Опытнэ - Альтуд - Бахъсэнёнкэ - Бахъсэн - Дыгулыбгъуей - Шэджэм - Щхьэлыкъуэ - Кэнжэ - Налшык гъуэгуанэм. Автомобиль зекIуэр сыхьэт 17-м ирихьэлIэу зэфIагъэкIыну траухуащ.

Апхуэдэу сыхьэт 14-м щыщIэдзауэ 17 хъуху Абхъазым и утым «Джэгурыгу» сабий джэгухэр щекIуэкIынущ. А зэман дыдэм ирихьэлIэу а щIыпIэм деж IэпщIэлъапщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щащэ гъэлъэгъуэныгъэ щызэхэтынущ. Адыгэ джэгур зэхашэнущ сыхьэт 17-м. Пшапэр зэхэуа нэужь, шэху уэздыгъэхэр къагъэсэбэпынурэ, адыгэ лъэпкъ 12-м я вагъуэ зырызрэ шабзищ зэблэдзахэмрэ зыхэдыкIа ди лъэпкъ ныпыр «къызэщIэблэнущ», абы тет псори IупщIу хэплъагъукIыу.

Адыгэ ныпым и махуэр республикэм и щIыналъэ псоми Iэтауэ щагъэлъэпIэнущ.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

● КъБР-м и Правительствэм

## «Гидрометзаводыр» зэрагъэIэпхъуэнум текIуэдэнур яIэщ

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий Правительствэм хэтхэм я зи чэзу зэIущIэр мэлыжьыхьым и 12-м иригъэкIуэкIащ. Абы Iуэхугъуэ 24-м щыхэплъащ.**

ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ хэтхэр арэзы техъуащ «Республикэ бюджетыр 2016 гъэм гъэзэщIа зэрыхъуам и IуэхукIэ» законопроектым. КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лыхь Заур** абы щытепсэлъыхьым жиIащ бюджетым и хэхъуэр сом мелард 27-м нэблагъэкIэ зэрагъэзэщIар. ЩIыналъэм къигъэсэбэпар сом мелард 30-м щIегъу. Абы щыщу республикэм и мылъкур сом мелард 22,9-рэ мэхъу, федеральнэ бюджетым къыхэкIар - сом меларди 7-м щIегъу. Накъыгъэ унафэхэм къыщыгъэлъэгъуар гъэзэщIэным хухахащ сом зы мелардрэ мелуан 227-рэ. Егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, социальнэ Iуэхухэр къызэгъэпэщыным республикэм и ахъшэм и процент 70-р трагъэкIуэдащ. Ар сом мелард 20,8-рэ мэхъу. ЦIыхухэм я улахуэхэр етыным сом меларди 4,349-рэ хуаутIыпщащ, унагъуэ хуэмыщIахэм защIэгъэкъуэным - сом меларди 3,745-рэ, фIэкIыпIэнщэ медицинэ страхованэм - сом меларди 3,571-рэ, стипендие тыным - сом мелуан 48,3-рэ.

КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министерствэм къыхилъхьащ дистанционнэу еджа, зи ныбжьыр илъэс 18 ирикъуа сабий ныкъуэдыкъуэхэм компьютер Iэмэпсымэхэр зэрыратыным теухуа Iуэхур. КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIагъэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министр **Емуз Нинэ** къыхигъэщащ апхуэдэ ныбжьыщIэхэм я бжыгъэр 2016 гъэм миным нэблагъэу зэрыщытар.

ЗэIущIэм арэзы щытехъуащ Накъыгъэм и 1-мрэ и 9-мрэ республикэм шыгъажэхэр зэрыщрагъэкIуэкIынум теухуауэ Правительствэм ищIа унафэм. А Iуэхухэм сом зы мелуан хухахынущ.

Республикэ унафэщIхэм къащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал мылъкум щыщу 2017 гъэм уней ящIынум зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» проектыр. КъБР-м щIы Iуэхухэмрэ мылъку зехьэнымкIэ и министр **Уэщхъун Тимур** зэрыжиIамкIэ, «Къэбэрдей-Балъкъэрым зегъэужьынымкIэ корпорацэм» ират «КъэбБалъкъВольфрам» акционер зэгухьэныгъэм и акцэхэр, абы и мылъкум зэрыхэхъуам тещIыхьауэ, къыдигъэкIын хуей акцэхэм текIуэдэнур республикэ бюджетым къыхэкIынущ. Налшык къалэм дэт Гидрометаллург заводыр дахыным пыщIа лэжьыгъэхэр къызэригъэпэщынущ «КъэбБалъкъВольфрам» АО-м.

Къэрал мылъкум щыщу муниципалитетхэм школ автобус 23-рэ иратащ, псоми зэхэту сом мелуан 44,2-рэ я уасэу.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** жиIащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Теунэ Хьэчимрэ (къызэралъхурэ мы гъэм илъэси 105-рэ зэрырикъур) скульптор, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ТхьэкIумащIэ Михаилрэ (илъэс 90) я махуэхэр зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщыныр зи къалэну щытыну комитетхэр зэрагъэбелджылар.

ЗэIущIэм республикэ унафэщIхэм зэдэарэзыуэ къыщащтащ «КъБР-м и зыгъэпсэхупIэхэм зегъэужьын», «КъБР-м и транспорт Iуэхур егъэфIэкIуэн» къэрал программэхэм хэлъхьэн хуейуэ къагъэлъэгъуа зэхъуэкIыныгъэхэри, нэгъуэщIхэри.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**



● Нобэ Экологие щIэныгъэхэм я махуэщ

## Ди зэхуэдэ къалэнщ

**ЦIыхухэр экологие Iуэхухэм щыгъэгъуэзэным, абы теухуауэ я зэхэщIыкIыр къэIэтыным иIэ мыхьэнэр къалъытэри, мэлыжьыхьым и 15-р Экологие щIэныгъэхэм я махуэу ягъэуващ.**

ХАБЗЭ зэрыхъуащи, гъэсакIуэхэмрэ студентхэмрэ щIыуэпсым ехьэлIа зэIущIэхэмрэ семинархэмрэ сабий садхэм щыщIэдзауэ еджапIэ нэхъыщхьэ псоми а махуэм щрагъэкIуэкI.

Дэтхэнэ цIыхуми зэхищIыкIыпхъэщ дыкъэзыухъуреихь дунейр къабзэу щыгъэтыным хуэгъэза къалэнхэр зыхуэдэм. Мы махуэр зыхуэгъэпсари аращ - экологием къыщыхъу-къыщыщIэхэр нэхъ IупщI тщызыщIын, дэзыгъэлъагъуфын, къыдгурызыгъэIуэн щIэныгъэ дэтхэнэ зыми дбгъэдэлъын зэрыхуейм дригъэгупсысынырщ.

ЩIы Хъурейм зи гугъу тщIы махуэр гъэлъэпIэн щыщIадзар 1992 гъэращ - дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным хуэгъэпса Iуэхухэм Рио-де-Жанейрэ къыщызэрагъэпэщауэ щыта зэIущIэшхуэм щытепсэлъыхьа иужькIэщ. Абы теухуауэ а къалэм къыщащта унафэр дунейм и къэрал куэдым даIыгъащ.

Экологие щIэныгъэхэм я махуэр ди къэралым гъэлъэпIэн щыщIадзар 1996 гъэм иужькIэщ. Абы щыщIэдзауэ еджапIэхэм, тхылъ хъумапIэхэм, щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм къыщызэрагъэпэщ хабзэщ зэхыхьэхэмрэ конференцхэмрэ. ЗэхэшакIуэхэм а зэIущIэхэм сабийхэри балигъхэри зэхуэдэу ирашалIэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр, щIыуэпсыр хъумэн зэрыхуейм ехьэлIа щIэныгъэм дэтхэнэри дызэрыхуэныкъуэр абыкIэ къагъэлъагъуэу.

**ЛЭСКЭН Шужьей.**

## Унэхэр щагъэплъ лъэхъэнэм зэкIэлъымыкIуагъэхэр къагъэхъуакъым

**КъБР-м и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым IэнатIэ щхьэхуэхэм я лIыкIуэхэр кърихьэлIэу иригъэкIуэкIа зэIущIэр триухуащ 2016 - 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм унэхэр зэрагъэплъам. ЗэIущIэм кърихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ АфэщIагъуэ Михаил.**

КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и чэнджэщэгъу Бэлагъы Борис зэрыжиIамкIэ, унэхэр щагъэплъ зэманым мыхъумыщIагъэхэр къагъэхъуакъым, лэжьыгъэ псор зэдэууэ ирагъэкIуэкIащ. Апхуэдэ лэжьэкIэ тэмэмыр кърикIуащ псэупIэ фондымрэ зыхуэфащэ IуэхущIапIэхэмрэ бжьыхьэ - щIымахуэ лъэхъэнэм тэмэму зэрыхуагъэхьэзырам. А лъэхъэнэм теухуауэ зэхалъхьауэ щыта планхэр нэсу ягъэзэщIащ икIи Iуэхум хухахауэ щыта сом мелуан 563-м щIигъур зэгъэзэхуауэ къагъэсэбэпащ. Абы и щыхьэтщ 2016-2017 гъэхэм я бжьыхьэ - щIымахуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырыныр 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу зэрызэфIагъэкIар.

- Бжьыхьэм унэхэр гъэплъыныр официальнэу щIадзащ жэпуэгъуэм и 15-м. Абы ирихьэлIэу сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуагъэзэзауэ щытащ фэтэр куэд хъу унэу 2877-рэ, котельнэу 351-рэ, хуабэр зрикIуэ бжьамий гъуэгуу километр 430-м нэблагъэ, псыр зрикIуэ бжьамийуэ километр 4045-рэ.

ЩIымахуэ лъэхъэнэм зэи мыувыIэу лэжьащ унагъуэхэр, IуэхущIапIэхэр псыкIэ, хуабэкIэ, газкIэ, электрокъарукIэ къызэзыгъэпэщ диспетчер IэнатIэхэр. Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэмрэ гуфIэгъуэ махуэхэмрэ Iуэхум и щытыкIэм я нэIэ трагъэтащ министерствэм и лэжьакIуэхэу чэзукIэ а къалэныр зылъысхэр, - къыхигъэщхьэхукIащ Бэлагъы Борис.

ЗэIущIэм хэтахэр иужькIэ зыщIэупщIахэм ящыщщ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр къызэрыхэкIымрэ щIыхуэхэр зэрапшыныжымрэ. Доклад зыщIам къигъэлъэгъуащ КъБР-м и хуабэ-энергетикэ комплексым хиубыдэ предприятэхэм къагъэсэбэпа газым и уасэр нэхъ нэгъэсауэ япшыну зэрыхуежьар, иджы ахъшэу хуэди 2,2-кIэ нэхъыбэ къызэрыхэкIыр.

ЗэIущIэм и кIэухым къыщыпсалъэм КъБР-м и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и унафэщI Гриневич Валерий къыхигъэщхьэхукIащ бжьыхьэ - щIымахэ лъэхъэнэм КъБР-м УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIигъэкIар.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

# Вольфрам ангидрид къыщIэзыгъэкIыну иджырей IуэхущIапIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэтрагъэувэнущ

**Налшык дэт Гидрометаллургическэ заводыр Прохладнэ районым гъэIэпхъуэным икIи экологие и лъэныкъуэкIэ шынагъуэншэу щыт, вольфрам ангидрид къыщIэзыгъэкI иджырей IэнатIэ зэтегъэувэным пыщIа Iуэхухэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министерствэм. А лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIынущ 2025 гъэм нэсыху тещIыхьа «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зегъэужьыныр» къэрал программэм и щIыналъэ программэ гуэдзэм хиубыдэу икIи абы текIуэдэну ахъшэм щыщ къиутIыпщынущ федеральнэ бюджетым.**

«МЫ ИНВЕСТИЦЭ проектыр гъэзэщIэным мыхьэнэшхуэ иIэнущ гъущI быдэхэм къыхэщIыкIа Iэмэпсымэхэр къыщIэзыгъэкI кластер Кавказ Ищхъэрэм щызэтегъэувэным и лъэныкъуэкIэ. А лэжьыгъэхэр зэфIэкIын папщIэ Урысейм и дежкIэ стратегие мыхьэнэ зиIэ къалэныр зэфIагъэкIынущ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Тырныауз вольфрам-молибден къыщIэхыпIэр зэтрагъэувэжынущ. IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, 2022 гъэм ирихьэлIэу Урысейм и вольфрам къыщIэхыпIэхэр къулейсыз хъууэ хуежьэнущ икIи къэралым апхуэдэ сырьёмрэ абы къыхэщIыкIа продукцэмрэ нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщищэхуу щIидзэнущ», - жиIащ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Байсултанов Одес.

Абы къыхигъэщхьэхукIащ вольфрам концентрат, вольфрам ангидрид, ахэр зыхэлъ нэгъуэщI продукцэ къыщIэзыгъэкI иджырей IэнатIэ зэтегъэувэнымкIэ Тырныауз руда къыщIэхыпIэр егъэжьэжыным къалэнышхуэ зэригъэзэщIэнур. Гидрометаллургие заводыщIэм Тырныауз къыщыщIах сырьём къыхищIыкIынущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ предприятэ зыбжанэм къагъэсэбэпыну вольфрам оксидыр.

Гидрометаллургическэ заводыр вольфрам концентратхэм, вольфрамрэ молибденрэ зыхэлъ сырьём елэжьынущ икIи абыхэм вольфрам ангидридрэ молибден концентратрэ къыхищIыкIынущ. Адрей IэнатIэхэм къадэкIуэу, вольфрам оксид къабзэр къагъэсэбэпынущ зыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм и программэхэр гъэзэщIэным елэжь предприятэхэми. Мы заводым цIыху 36-рэ щылэжьэнущ. Абы бюджетым и IэнатIэ псоми налог ахъшэу сом мелуан 200-м щIигъу хилъхьэнущ.

Проектым сом меларди 2 текIуэдэну къабжащ. Ар гъэзэщIэнымкIэ жэрдэмыр къызыбгъэдэкIыр «Къэббалъкъвольфрам» акционер зэгухьэныгъэрщ. Тырныауз комбинатымрэ «Къэббалъкъвольфрам» акционер зэгухьэныгъэм и гидрометаллург IэнатIэмрэ къадэкIуэу гъущI быдэ дыдэхэм къыхэщIыкIа Iэмэпсымэхэр гъэхьэзырынымкIэ кластерым хыхьэнущ КъБР-м щыIэ «Тэрчналмэс» акционер зэгухьэныгъэмрэ Владикавказ къалэм дэт «Победит» заводымрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Рахаев Борис зэIущIэм къыщыхигъэщхьэхукIащ Налшык дэт Гидрометаллург заводыр нэгъуэщI щIыпIэм зэрагъэIэпхъуэр абы къыщIигъэкI продукцэм хуэдэу нэгъуэщI къэралхэм къыщащэхур гъэмэщIэным зэрыхуэунэтIар икIи мы лэжьыгъэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым, зэрыщыту Урысейм я промышленностым зегъэужьыным зэрыпыщIар.

«Къэббалъкъвольфрам» зэгухьэныгъэм и техническэ директор Попов Алексей зэIущIэм хэтахэр щыгъуазэ ищIащ заводыщIэм и проект-сметэ документхэр зэрагъэхьэзырар, ухуэныгъэм елэжьынухэр я IэнатIэм зэрыпэрыувар. «Предприятэр 2019 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къриубыдэу хьэзыр ящIынущ. Абы илъэс къэс продукцэ хьэзыру (вольфрам къудейм и закъуэ) тонн мини 4, иджыпсту заводым къыщIигъэкIым нэхърэ хуэдитIкIэ нэхъыбэ, игъэхьэзырынущ. Заводыр щащIкIэ къагъэсэбэпынущ дуней псом щынэхъыфI дыдэу къалъытэ технологиехэр. Предприятэм къигъэсэбэпыну псыр зэпымыууэ игъэкъэбзэжу екIуэкIынущ. Хьэуами зэраныгъэ зыпылъ газыр хаутIыпщхьэнукъым», - жиIащ Попов Алексей.

***УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэм къитахэм япкъ иткIэ.***

# Комсомолыр илъэси 100 ирокъу

**ЩIэблэ псоми ящыщу комсомолым хэтахэм захудогъазэ: комсомолым и ветеранхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ советыр хыхьащ 2018 гъэм комсомолыр илъэси 100 зэрырикъур гъэлъэпIэным зыхуэгъэхьэзырынымкIэ лэжьыгъэм.**

ЗЭРЫЩЫТУ Совет Союзым и комсомолми хуэдэу, республикэм и комсомолыр къэралым и тхыдэм и лъэхъэнэ нэхъыщхьэхэм екIуэкIа Iуэхушхуэхэм - щIэныгъэншагъэр, зеиншагъэр гъэкIуэдыным, къуажэм социалистическэ зэхъуэкIыныгъэхэр щегъэкIуэкIыным, промышленностыр индустриализацэ щIыным, IэщIагъэхэу цIыхубэ хозяйствэр нэхъ зыхуэныкъуэхэр зэгъэгъуэтынымкIэ зэщIэхъееныгъэм хэтащ. Нэхъыжьхэм ящIыгъуу республикэм комсомолхэмрэ щIалэгъуалэмрэ хахуагъэ, лIыхъужьыгъэ нэс къыщагъэлъэгъуащ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм. Ди республикэм щыщу абы щыгъуэ Совет Армэм ираджа цIыху мин 60-м комсомолу мин 40-м щIигъу яхэтт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолыр жыджэру хэтащ зауэм зэтрикъута къалэхэр, къуажэхэр, заводхэр, фабрикэхэр, колхозхэр, школхэр зэфIэгъэувэжыным. ЩIалэгъуалэр икъукIэ жыджэру хэлэжьыхьащ къэралым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ ухуэныгъэу 1500-м нэблагъэм. Абыхэм ящыщщ Братскэ ГЭС-р, Байкал-Амур гъущI гъуэгур, «Дружба» щIыдагъэ зрикIуэ бжьамий гъуэгур. Ахэр хэлэжьыхьащ ди республикэм полупроводник IэмэпсымэхэмкIэ заводыр, «Телемеханика» заводыр, электровакуум заводыр, «Искож» комбинатыр, псэупIэ унэхэр, гъуэгухэр, нэгъуэщI куэди щыщIыным.

Комсомолым къыхэкIащ зи лIыхъужьыгъэкIэ, псэемыблэж лэжьыгъэкIэ а зэгухьэныгъэм и пщIэр зыIэта лIыхъужь ныбжьыщIэ мин бжыгъэхэр. Комсомолым Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэм цIыхубэм къызэралъытэм и дамыгъэу абы и бэракъым ордену хы къыхалъхьащ.

Ди ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Комсомолым гъэсэныгъэ щызыгъуэта, зи щIалэгъуэ илъэсхэр абы хуэзыгъэпса икIи лъэхъэнэ зэмылIэужьыгъуэхэм комсомол гъащIэм жыджэру хэта псори къыхудоджэ я гукъэкIыжхэмкIэ, сурэт зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ къыддэгуэшэну.

Фэ гъащIэм къыхэфха дерсхэр икъукIэ лъапIэщ. СССР-м къызэщIиубыдэу щыта щIыналъэм и Iыхьэ псоми цIыху куэдым иригушхуэу ягу къыщагъэкIыж комсомолым щыхэта илъэсхэр, лэжьыгъэм, зэныбжьэгъугъэм, лъагъуныгъэм я илъэсхэр. Дуней псом къыщыхъуакъым комсомолым ебгъапщэ хъун щIалэгъуалэ зэщIэхъееныгъэ лъэщ. Комсомолым и фIыщIэкIэ дэтхэнэ зы щIэблэри гъуэгу тэмэмым теуващ. Ар зэхэщIыкIым, хэкур фIыуэ лъагъуным щыхурагъаджэ школ, плъапIэ хьэлэмэтхэм, Iуэху инхэм, мурад нэхъ иныжхэм я зэмант. А лъэхъэнэм щыIа щIалэгъуалэм я нагъыщэ нэхъыщхьэщ пэжыгъэр, жэрдэмыр, творчествэр, тегушхуэныгъэр, жыджэрагъ иныр, псэ хьэлэлагъыр.

Зэгуэр комсомолым хэтам ар зэи щыгъупщэнукъым. Зи щхьэцыр къетхъуха комсомолхэр нобэ щызэкъуэувэжыр щIалэгъуэ блэкIар къытрагъэзэжурэ ягъэныщкIуну аракъым, атIэ комсомолым щызрагъэгъуэта зэфIэкI лъагэм нобэрей щIалэгъуалэр щыгъуазэ ящIын икIи ахэр гъуэгу тэмэмым трагъэувэн папщIэщ.

Комсомолым и ветеранхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ советым зи къарумрэ зэфIэкIымрэ комсомолым хуэзыгъэпсахэр икIи а зэгухьэныгъэр зи гум гуапэу къинахэр къыхуреджэ юбилей лъапIэм - комсомолыр илъэси 100 щрикъум зыхуэгъэхьэзырыным жыджэру къыхыхьэну, мы Iуэхур тэмэму егъэкIуэкIынымкIэ, Советым и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэу къалъытэхэр къыхалъхьэну.

**Ди хэщIапIэр**: КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 57, телефонхэр: (8662) 77-14-78, 77-15-96.

*Комсомолым и ветеранхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и советым и цIэкIэ*
**Сэбаншы Розэ, Зумакулов Борис, Жыджэт Александр, Чеченов Хьэсэн.**



● Пшыхьхэр

# Магомаев Муслим и уэрэдхэр

**Темыркъан Хьэту и цIэр зезыхьэ КъБКъУ-м и Щэнхабзэ центрым иджыблагъэ щекIуэкIащ СССР-м и цIыхубэ артист, дунейпсо фестивалхэм я лауреат, баритон лъэщ Магомаев Муслим и фэеплъ пшыхь гукъинэж, музыкант цIэрыIуэр къызэралъхурэ илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIэу. Ар и жэрдэмщ КъБКъУ-м и студент, уэрэдымрэ къафэмкIэ «Амикс» театрым и уэрэджыIакIуэ Уэртэбей Амир.**

ПШЫХЬЫР иригъэкIуэкIащ КъБКъУ-м и егъэджакIуэ, уэрэджыIакIуэ **Къумыкъу Ланэ**. Абы кърихьэлIахэм ягу къагъэкIыжащ Магомаевым и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ:

- Магомаев Муслим Баку къалэм 1942 гъэм шыщхьэуIум и 17-м къыщалъхуащ. И ныбжьыр илъэс 19 щыхъум, Хельсинки щекIуэкIа щIалэгъуалэ фестивалым зыкъыщигъэлъэгъуащ. Абы и утыку итыкIэр, и макъ дахэр куэдым гунэс ящыхъури, цIэрыIуэ ирихъуат. Магомаевым и репертуарым куэд къызэщIиубыдэрт. Апхуэдэхэт оперэхэр, опереттэхэм щыщ ариехэр, мюзиклхэр, романсхэр, неаполитан уэрэдхэр, азербайджан, урыс композиторхэм я классикэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр, эстрадэ уэрэдхэр. Абы и концертхэм сыт щыгъуи билетхэр щызэпэубыдат, цIыхушхуэ екIуалIэрти. Кинофильм, спектакль зыбжанэм абы макъамэхэр яхуитхащ. И ныбжьыр илъэс 31-рэ щрикъум Магомаевым къыфIащащ «СССР-м и цIыхубэ артист» щIыхьыцIэр. УэрэджыIакIуэр цIыху мелуанхэм фIыуэ ялъэгъуащ. Нобэр къыздэсым абы и лэжьыгъэхэр цIыхубэм ящыгъупщэркъым.

Уэрэдымрэ къафэмкIэ «Амикс» театрым и артистхэм Магомаевым игъэзэщIэу щыта уэрэдхэр гум дыхьэу пшыхьым щыжаIащ.

КъБКъУ-м гъэсэныгъэ, социальнэ IуэхухэмкIэ и проректор **Къумыкъу Iэуес** къыхигъэщащ цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа артист цIэрыIуэм и фэеплъ пшыхь я еджапIэм зэрыщрагъэкIуэкIым зэрыригушхуэр, Магомаев Муслим хуэдэхэр зыщагъэгъупщэ зэрымыхъунур.

«Амикс» театрым и унафэщI **Къул Амир** жиIащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм я фэеплъ пшыхьхэр дяпэкIи КъБКъУ-м къызэрыщызэрагъэпэщынур.

Зэхыхьэр щIэщыгъуэу икIи гъэщIэгъуэну екIуэкIащ. Абы ирагъэблэгъат КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, композитор цIэрыIуэ **Жырыкъ Заур**, КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэр, студентхэр.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



● Гъуазджэ

# Хьэндырабгъуэ, цIыв лIэужьыгъуэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ

**КъБР-м и Лъэпкъ музейм япэу щагъэлъагъуэ республикэм къыщызылъэтыхь хьэндырабгъуэхэмрэ цIывхэмрэ я сурэт гъэщIэгъуэнхэр. ЩIыуэпсыр хъумэным и илъэсым ирихьэлIэу утыку кърахьа лэжьыгъэхэр зейр биологие щIэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м биологиемрэ химиемкIэ и кафедрэм и доцент Козьминов Сергейщ.**

ВЫСТАВКЭР къызэIуихащ музейм и унафэщI **Накуэ Феликс**. Абы къыхигъэщащ сурэтхэр, щIэныгъэ мыхьэнэ зэраIэм къыдэкIуэу, дахагъэкIэ гъэнщIа лэжьыгъэхэр зэрыщIэщыгъуэр, абыхэм узэрыдахьэхыр.

- ЩIыуэпсым и илъэсым ирихьэлIэу къызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм республикэм исхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Зи теплъэкIи плъыфэкIи зэщхьэщыкI хьэндырабгъуэхэмрэ цIывхэмрэ къыщыгъэлъэгъуа сурэтхэм ущеплъкIэ гур хагъахъуэ. Лэжьыгъэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа Козьминов Сергей фIыщIэ хуэфащэщ хьэндырабгъуэ, цIыв лIэужьыгъуэхэм дызэрыхигъэгъуазэм папщIэ. Сурэтхэм иджыри зэ наIуэ тщащI дызытет дунейр зэрытелъыджэр, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Ащхъуэт-Тау Ритэ**.

Биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м и Парламентым аграрнэ политикэмкIэ, щIыуэпсыр хъумэнымрэ ар къэгъэсэбэпынымрэ, щIы IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** жиIащ и сабиигъуэм щегъэжьауэ ицIыху Козьминов Сергей сурэттех Iэзэ къызэрыхэкIар, абы и лэжьыгъэхэм щIэупщIэшхуэ зэраIэр, ахэр цIыху щхьэхуэхэм зэрызэхуахьэсыр, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ я лъэныкъуэкIэ уасэ зимыIэ и сурэтхэм ящыщ куэд выставкэм зэрыхагъэхьар, зэман дэкIыху абыхэм я мыхьэнэм хэхъуэурэ зэрыкIуэнур. Щхьэгъэпсо Сэфарбий гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIахэр къыхуриджащ щIыуэпсыр хъумэным гулъытэ нэхъыбэ хуащIыну.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъахэм къыхагъэщащ Козьминов Сергей и лэжьыгъэхэр курыт еджапIэхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ къазэрыхуэщхьэпэнур, сурэттехым хьэндырабгъуэхэмрэ цIывхэмрэ я дахагъэр къыщызэщIригъэубыдэн къызэрехъулIар, дяпэкIи абы зэфIэкI куэд зыIэригъэхьэну, гъуазджэм хэлъхьэныгъэфIхэр хуищIыну зэрагуапэр. Козьминовым фIыщIэ яхуищIащ выставкэр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы кърихьэлIахэмрэ.

Гъэлъэгъуэныгъэм зрезыгъэхьэлIэну гукъыдэж зиIэхэм ар зрагъэхъулIэну иджыри Iэмал щыIэщ. Выставкэр мэлыжьыхьым и кIэ пщIондэ екIуэкIынущ.

**БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

## Мы махуэхэм

**Мэлыжьыхьым и 15,** *щэбэт*

♦**Щэнхабзэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Экологием теухуа щIэныгъэхэм я махуэщ**
♦**Урысейм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм я радиоэлектроннэ дзэхэм я IэщIагъэлIым и махуэщ**
♦**Къэзахъстаным щагъэлъапIэ ЗэгуэкIуахэм я махуэр**
♦**Босниемрэ Герцеговинэмрэ Республикэм и армэм и махуэщ**
♦**Ингуш Республикэм и къалащхьэ Магас и махуэщ. КъалащхьэщIэр илъэс 22-рэ ирокъу.**
♦**Куржым щагъэлъапIэ Лъагъуныгъэм и махуэр**
♦**1395 гъэм** Тамерланрэ Тохъутэмыщрэ я дзэхэр Къэбэрдей тафэм щызэзэуащ.
♦**1795 гъэм** Литвар Урысей империем гухьащ.
♦**1865 гъэм** яукIащ США-м и президент Линкольн Авраам.
♦**1929 гъэм** СССР-м къыщащтащ цIыхур жьы хъуа нэужь къэралым пенсэ хуигъэувыным теухуа хабзэр.
♦**1935 гъэм** Испанием и компартыр къызэрагъэпэщащ.
♦**1945 гъэм** Британием и дзэхэм хуит къащIыжащ Берген-Бельзен нэмыцэ гъэрэщым исахэр. Зауэ зэманым абы икIуэдащ цIыху мин 50-м щIигъу.
♦**1951 гъэм** Лондон щекIуэкIащ «Дуней псом щынэхъ дахэ пщащэ» япэ зэпеуэр. Абы хэта хъыджэбз 30-м я нэхъ дахэу къалъытар Швецием щыщ Хааксон Кикит.
♦Италием щыщ сурэтыщI щэджащэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэ, зи IэдакъэщIэкIхэр нобэми цIыхухэм яфIэтелъыджэ **Леонардо да Винчи** къызэралъхурэ илъэс 565-рэ ирокъу.
♦Урыс усакIуэ, критик **Гумилёв Николай** къызэралъхурэ илъэси 131-рэ ирокъу.
♦Корее Ищхъэрэм и къызэгъэпэщакIуэ икIи абы и япэ унафэщI **Ким Ир Сен** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.
♦ТхакIуэ цIэрыIуэ, фильм куэдым сценарийхэр яхуэзытха **Стругацкий Борис** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.
♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академикыу щыта **Слъон Лудин** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.
♦УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, композитор-уэрэдус, СССР-м и цIыхубэ артисткэ, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Пугачёвэ Аллэ** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.
♦Бельгием и пащтыхь **Филипп** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 16,** *тхьэмахуэ*

♦**Циркым и дунейпсо махуэщ**
♦**Армением и полицэм и лэжьакIуэм и махуэщ.** 2001 гъэм а къэралым къыщащтащ «Полицэм и IуэхукIэ» законыр.
♦**Болгарием щагъэлъапIэ я Конституцэмрэ** (ар 1879 гъэм къэралым и Япэ цIыхубэ зэхуэсышхуэм къищтауэ щытащ) **юристымрэ я махуэхэр**
♦**1905 гъэм** Урысейм и япэ профсоюзыр - печатым и лэжьакIуэхэм ейр - къызэрагъэпэщащ.
♦**1920 гъэм** цIыхубэ милицэм и Налшык управленэр къызэрагъэпэщащ.
♦**1934 гъэм** СССР-м и ГъэзэщIакIуэ комитет нэхъыщхьэм и унафэкIэ ягъэуващ «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр. Ар япэ дыдэу, 1934 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м, зыфIащар «Челюскин» кхъухьым исахэр мылым къытезыхыжа кхъухьлъатэзехуэхэу Ляпидевский А., Леваневский С., Молоков В., Каманин Н., Слепнёв М., Водопьянов М., Доронин И. сымэщ.
♦**1945 гъэм** советыдзэхэр Берлин ебгъэрыкIуэу хуежьащ.
♦**2006 гъэм** Иркутск областымрэ Усть-Ордын Бурят автоном округымрэ референдум щекIуэкIащ ахэр зэгуэгъэхьэным теухуауэ. ЩIыналъэхэм щыпсэухэм я процент 90-р и телъхьэ хъуащ УФ-м субъектыщIэ - Иркутск область - къыщыунэхуным.
♦Инджылызымрэ США-мрэ я актёр, сценарист, композитор, режиссёр **Чаплин Чарли** къызэралъхурэ илъэси 128-рэ ирокъу.
♦Совет актёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Самойлов Евгений** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.
♦Актёр, кинорежиссёр, сценарийхэр зытх, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Никоненкэ Сергей** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
♦Нэмыцэ биатлонист, Олимп джэгухэм плIэнейрэ я чемпион **Фишер Свен** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 17,** *блыщхьэ*

♦**Макъым и дунейпсо махуэщ**
♦**Гемофилием (лъыр пцIэным пыщIа узыфэщ) и дунейпсо махуэщ**
♦**УФ-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэмрэ къэрал кIуэцI дзэхэмрэ я ветеранхэм я махуэщ.** 2011 гъэ лъандэрэ ягъэлъапIэ.
♦**Сирием и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ** (1946 гъэм ягъэуващ)
♦**Японием щагъэлъапIэ Сабийхэр хъумэным и махуэр**
♦**1877 гъэм** Толстой Лев «Анна Каренина» роман цIэрыIуэр тхын иухащ.
♦**2005 гъэм** Урысейм щекIуэкIащ Красноярск крайр, Таймырыр, Эвенкиер зэгуэгъэхьэным теухуа референдум.
♦Актёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Щукин Борис** къызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу. Абы и цIэр 1939 гъэм Театр училищэм фIащащ.
♦Совет къэрал къулыкъущIэ, 1953 - 1964 гъэхэм СССР-м и унафэщIу щыта, Совет Союзым и ЛIыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм щэнейрэ и ЛIыхъужь **Хрущёв Никитэ** къызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу.
♦УэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **КIуащ Верэ** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.
♦Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, РСФСР-м щIыхь зиIэ и машинэухуэ **Ахъуэхъу Анатолий** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.
♦«Краснодарпроектстрой» IуэхущIапIэм и унафэщI, УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ **Тутэрыщ Батырбий** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.
♦УэрэджыIакIуэ, Урысейм и цIыхубэ артисткэ **Валерие** (и цIэ-унэцIэ дыдэр **Перфиловэ Аллэщ**) и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу
♦Къэрал лэжьакIуэ, юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дол Анжелэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 20, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**УфIмэ, цIыхум укъащIэнщ.**

● ТхылъыщIэ

# «Фи ныбжьэгъухэр фхъумэ»

**Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIащ дагъыстэн усэхэр балъкъэрыбзэкIэ зэдзэкIауэ зэрыт тхылъ гъэщIэрэщIа.**

АВАР, къумыкъу, лак, нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIауэ усакIуэ 40-м щIигъу балъкъэрыбзэкIэ «къэзыгъэпсэлъар» Гуртуев Сэлихьщ.

«Фи ныбжьэгъухэр фхъумэ» тхылъым щыбгъуэтынущ ди къэралым фIыуэ къыщацIыхуа усакIуэхэу Гамзатов Расул, Алиевэ Фазу, Адалло, Капиев Эффенди сымэ, нэгъуэщIхэми я усэ къыхэхахэр.

Къыхэгъэщыпхъэщ Кавказым ис лъэпкъхэм я усыгъэхэр Гуртуев Сэлихь куэд щIауэ зэрызэридзэкIыр. Гъэ кIуам и кIэуххэм абы къыдигъэкIат куржы поэзиер щызэхуэхьэса тхылъитI. Абы и япэ Iыхьэм Руставели Шота и «Къаплъэныфэ зыщыгъ зекIуэлI» поэмэр, етIуанэ Iыхьэм зэман зэмылIэужьыгъуэхэм къалэмым зезыпшыта куржы усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр итщ.

Иужьрей къыдэкIыгъуэр зыгъэщIэрэщIар дизайнер Щоджэн Жаннэщ.

«Фи ныбжьэгъухэр фхъумэ» тхылъыр Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм иригъэжьа «Кавказым и зэдай щэнхабзэ утыку» проектым хэту къыдагъэкIащ.



**ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.**

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

# ЯПЭ АДЫГЭ ТХАКIУЭ

## Къаз-Джэрий СулътIан

460

Урыс литературэмрэ щэнхабзэмрэ ину зыщаужьа, лъэпкъ щхьэхуитщIыжакIуэ зэщIэхъееныгъэм лъэщу зыкъыщиIэт лъэхъэнэм ирохьэлIэ Кавказыр къэгъазэ имыIэжу Урысейм щыгухьар. Урыс щэнхабзэм и нэхур ятепсащ 1917 гъэм и пэкIэ тхыбзэ зимыIауэ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъ цIыкIухэм. XIX лIэщIыгъуэм абыхэм къахэкIащ япэ щIэныгъэлIхэр, тхакIуэхэр, журналистхэр. Я цIэ къитIуэнщ урыс литературэмрэ щэнхабзэмрэ зи гупэр хуэзыгъэзахэу Нэгумэ Шорэ (1794 - 1844), Къуэдзокъуэ Лэкъумэн (1818 - 1883), Къаз-Джэрий (1807 - 1863), ХьэтIохъущокъуэ Къазий (1841 - 1899), Хъан-Джэрий (1808 - 1843), КIашэ Адэлджэрий (Къалэмбий, 1840 - 1872), Ахъмэтыкъуэ Къазибэч (1872 - 1902) сымэ. Ахэр псори Урысейм щеджащ. Я тхыбзэ зэрагъэпэщын зэралъэмыкIам къыхэкIыу, зэрытхэуи щытар урысыбзэщ. Пушкиным зэрыжиIащи, абыхэм урысыбзэр «Iэзэу, жьэнахуэу икIи шэрыуэу» къагъэIурыщIэрт.

А лъэхъэнэм езы урыс дыдэхэм яфIэгъэщIэгъуэн хъурт, Белинский В. Г. зэритхауэ, «адыгэр урыс тхакIуэхэм я сатырым зэрыхэувэр икIи ар пщIэ зыхуащI литератор куэдым нэхърэ нэхъ Iэзэу урысыбзэм зэрыхуэшэрыуэр».

Япэ адыгэ тхакIуэхэм, еджагъэшхуэхэм щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр кууэ яджщ, дунейпсо, урыс классикэ литературэхэр фIыуэ зрагъащIэри, къызыхэкIа лъэпкъым и сэбэп зыхэлъ къалъыхъуащ, адыгэр Урысейм и щэнхабзэ пэрытым ешэлIа хъуным я къару ирахьэлIащ. АбыкIэ сэбэп къахуэхъуащ лIакъуэлIэш революционер Грибоедов А. С., декабристхэу Кюхельбекер В. К., Одоевскэ А. И., Бестужев-Марлинскэ А. А., Якубович А. И. сымэ, ермэлы зэкъуэшхэу Бебутовхэ, куржыхэу Чавчавадзе Ильярэ Орбелиани Григолрэ. Кавказым и цIыху пэрытхэр Урысейм и лIакъуэлIэш революционерхэм я телъхьэт. Кавказым и экономикэмрэ щэнхабзэмрэ псынщIэу заужьынымкIэ щыIэ хэкIыпIэфIхэр яубзыхуурэ, абыхэм къагъэлъагъуэрт мамырыгъэ щыгъэIэным, урысхэмрэ бгырысхэмрэ ныбжьэгъугъэкIэ зэшэлIэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Сенат утыкум къыщыхъуа зэщIэхъееныгъэм и ужькIэ декабрист куэд, я офицерыгъэр трахыурэ, Кавказым щыIэ дзэхэм къагъэкIуат. Абыхэм я гъуэгур адыгэхэм я щIыналъэм кIуэцIрыкIырт. ИкIи Бестужев-Марлинский Александр зэрыжиIауэ, «Кавказ курыкупсэм щалъагъу дахагъым и закъуэтэкъым декабристхэр дэзыхьэхыр, абыхэм «зрагъэщIэну хуейт бгырысхэм я зэхэтыкIэр, я хабзэхэмрэ я хьэл-щэнхэмрэ».

Адыгэхэм я гукъэкIыжхэм фIыкIэ къахощыж урысхэмрэ бгырысхэмрэ зэпэгъунэгъу хъуныр зыфIэкъабылу щыта декабристхэр. Абыхэм яубырт пащтыхьым Кавказым щригъэкIуэкI хъунщIакIуэ зауэр, бгырыс лъэпкъхэр зыгъэулъий политикэ мыхъумыщIэр.

«Кавказыр мамыру вгъэпсэуи, дуней жэнэтыр Евфрат къыщывмылъыхъуэ... Ар мыбдежращ здэщыIэр», - жиIэрт Бестужев-Марлинскэм. Декабрист Розени и хэку щыкIуэжым итхыгъащ: «Узыншэу, Кавказ! Уэ узыгъэбжьыфIэ дахагъэм къыхрехъуэ уи деж щыпсэухэм я зэIузэпэщ гъащIэри».

Адыгэ тхакIуэшхуэ КIэрашэ Тембот «Революцэмрэ бгырысымрэ» журналым 1932 гъэм тридза тхыгъэм пэжу къыщигъэлъэгъуащ Iэмалыншагъэм ирихулIэу зы зэман лъэпкъым игъуэта дуней тетыкIэр абы и хьэл-щэну пIуатэ зэрымыхъунур, шэрджэс лъэпкъыр, и щхьэхуитыныгъэр ихъумэжурэ, зауэ Iуэхум нэхъ хуэгъэпса зэрыхъуар, и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ заригъэужьыну Iэмал зэримыIэр езым зэримызэраныр.

АтIэ, илъэс куэдкIэ Урыс-Кавказ зауэм и пэжыпIэр зэрыщIауфэным хэтащ, пащтыхь генералхэм Шэрджэсым, Дагъыстаным, Шэшэным щызэрахьэ залымыгъэр ягъэзахуэу, мысэр хей ящIу буржуазнэ тхакIуэхэм Iуэхур зэрыщымыту ятхырт, Кавказ лъэпкъхэр лъыифхэу икIи гущIэгъуншэхэу жаIэурэ Iэджэ пцIыи яIуатэрт, уеблэмэ бгырысхэм гущIэгъуншагъэр я хьэлу къыщIрагъэдзыну хэтт.

Езы пащтыхьыр хэтыт абы щыгъуэ? Аратэкъэ бгырысхэм я лъыр щысхьыншэу зыгъажэр? Абы и генералхэратэкъэ цIыхухъу зыдэмысыж къуажэхэм сабийхэмрэ жьыкIэфэкIэхэмрэ щызэтезыукIэр? Бгырысхэм фIыуэ ялъагъу хуитыныгъэр. Ар яхъумэжу ирагъэкIуэкIырт бэнэныгъэ.



Къаз-Джэрий СулътIан.
*Сурэтыр* Гагарин Григорий *ищIащ. 1836 гъэ*

Ижь-ижьыж лъандэрэ урысхэм пыщIэныгъэ хуаIэныр яфIэкъабылт бгырысхэм. Ауэ пащтыхьымрэ лъэпкъ псомрэ зыкъым, езы урыс лэжьакIуэбэри арат зыгъэпщылIыжыр.

Кавказми пащтыхьыр къэкIуат и пщылIхэм я бжыгъэр нэхъыбэ ищIыну. Адыгэхэм Iэщэр яIэщIэлъу зауэм IукIуадэмэ нэхъ къащташ, пщылI хъу нэхърэ.

Марксрэ Энгельсрэ я нэIэ къытрагъэтт Кавказым зауэр зэрыщекIуэкIым икIи зэрахуэфэщэнкIэ пщIэ къыхуащIащ адыгэ лъэпкъым и щхьэхуитыныгъэр зэрихъумэжым. Маркс а зэманым мыпхуэдэу итхащ: «Шэрджэс хахуэхэм аргуэру урысхэм я деж текIуэныгъэфI зыбжанэ къыщахьащ. Лъэпкъхэ, зыщевгъасэ абыхэм я деж, щхьэхуиту къэнэжыну хуей цIыхухэм яхузэфIэкIыр зэвгъэлъагъуи».

Адыгэхэм яхэлъ лIыхъужьыгъэшхуэр дуней псом яфIэтелъыджэт. ИкIи Мэжэрым, Алыджым, Польшэм, нэгъуэщI къэралхэми къикIа революционерхэри адыгэ шэрджэс мэхъаджэхэм ядэзауэрт.

Грибоедоври, Лермонтоври, Толстой Леви Кавказым щхьэусыгъуэ зырыз яIэу къэкIуат, ауэ ахэр зэдарэгъут пащтыхьым Кавказым щызэрихьэ мыхъумыщIагъэр щысхьыншэу сэтей къыщащIкIэ. Езыхэм пщIэ хуащIырт бгырысхэм, фIыуэ ялъагъурт абыхэм я Iуэрыуатэр.

Пушкиныр тIэуней щыIащ ди хэкум. Ар адыгэхэм я гъащIэм нэ жанкIэ кIэлъыплъырт, пщIэшхуэ яхуищIырт хуитыныгъэр фIыуэ зэралъагъум щхьэкIэ, фIэгъэщIэгъуэнт яхэлъ хьэщIагъэр, нэмысыр, лIыгъэр. ПщIэнши хъуакъым Кавказым зэрыщыIар - ди щIыналъэм теухуа усэхэр, поэмэхэр итхащ.

«ЩIыпIэ узытхьэкъущ. Абы сыт хуэдиз поэзие къыщызгъуэта, сыт хуэдиз гурыфIыгъуи щызгъэунэхуа!» - жиIэу и Iыхьлы Павлищевым хуиIуэтэжат здэщыIар къызэрыщыхъуар. Урыс тхакIуэшхуэр и телъхьэт бгырысхэр фIырыфIкIэ Урысейм гуэгъэхьэным. Зэман кIыхькIэ Кавказым щыIащ Лермонтов Михаил. Абы кууэ щыгъуазэ зищIат бгырысхэм я псэкупсэ щэнхабзэм, я хьэл-щэным, я хабзэхэм, я псэукIэм, дуней тетыкIэм.

«Кавказырыс» зыфIища и очеркым, и щхьэм тритхыхьыжам, усакIуэм щыжеIэ: «ЛIыхъужьыгъэ зыхэлъ лъэпкъым и IуэрыIуатэ усэбзэкIэ тхам ар итхьэкъуат (зи гугъу ищIыр адыгэхэрщ - *Хь. М.*), бгырысхэм я хабзэхэмрэ я хьэлхэмрэ хъарзынэу къыгурыIуат, я пелуанхэр я цIэкIэ зэригъэщIат, я лъэпкъ нэхъыщхьэхэр къызыхэкIахэр игу ириубыдат».

УсакIуэм и тхыгъэхэм увыпIэшхуэ щеубыд «Урысеймрэ Кавказым ис лъэпкъхэмрэ» темэм. Лъэпкъхэр пщылIыпIэм иригъэувэн, абыхэм я щIыналъи я хуитыныгъи ятрихын мурадкIэ пащтыхьым Кавказым щригъэкIуэкI зауэм ар и бийт икIи зи хуитыныгъэр зыхъумэж бгырысхэм я зэщIэхъееныгъэр диIыгът. Абыи тэмэму къыгурыIуэрт фIырыфIкIэ бгырысхэр Урысейм гуэгъэхьэным лъэныкъуитIми я сэбэп зэрыхэлъыр.

Пащтыхьым и IуэхущIафэм ер къызэрикIым, леймыгъэгъу бгырысхэм шынагъэкIэ зэрыпхудамычыхынум, щхьэхуиту къалъхуар залымыгъэм и бжьым зэрыщIэмыувэнум, адыгэм и лIыгъэр зыхуэдэм - а псоми ятеухуащ Лермонтовым и поэмэ цIэрыIуэ «Измаил-Бейр», гупсысэ лъэщыр зи къуэпсу усэбзэ къабзэкIэ зэщIэжьыуэжу тхар. Поэмэм удихьэхыу укъеджэ къудейкъым, ар а лъэхъэнэм и гъуджэщ, уиплъамэ, Кавказым щыщыIа щытыкIэр зэрыщыту къищу, зауэм и теплъэгъуэ шынагъуэхэри мамыр гъащIэри уигъэлъагъуу. Абы нэгум къыIуригъадзэхэм нэмыщIи гур егъэпIейтей. Куэди зэхыуегъащIэ, къыбгурегъаIуэ. Поэмэм укъоджэ, абы хэт лIыхъужьхэм ягу зыгъэинри, я псэм щыщIэри, я хъуэпсапIэхэри, я губжьри адыгэхэм я хэкум хуаIэ фIылъагъуныгъэ уасэ зимыIэри кууэ уэри зыхэпщIэу, абыхэмкIэ укъызэщIэсту...

ЖыпIэ хъунущ а поэмэр пащтыхьымрэ абы и лIыукI генералхэмрэ суд пащхьэм изыгъэувэ икIи зезыгъэцIыхуж уэчылым и псалъэ гуащIэу. Ауэ а зы поэмэм и закъуэкъым Лермонтовым Кавказым тритхыхьар, бгырысхэр, псом хуэмыдэу адыгэхэр, зэригъэлъэпIар. Апхуэдэ усэхэу, поэмэхэу итхахэм - «Мцыри», «Бастунжы къуажэр», «Хьэжы-абрэдж», «Тэрч и тыгъэхэр», «Къамэ», «УсакIуэ», «Кавказ гъэр», нэгъуэщIхэми - укъызэщIаIэтэ, поэзие нэсым къуит гухэхъуэр къыплъагъэс.

Нэмыплъ зрат поручикыр «ауэ сытми теплъэгъуэ дахэхэмкIэ тхылъеджэр къыдэсхьэхынщ», жиIэу бгырысхэм ятетхыхьа къудейкъым, ахэр цIыху ахъырзэманхэу, щIыкIафIэхэу, гурыхуэхэу, нэмыс яхэлъу къигъэлъэгъуащ. Абы зэхикъутащ пащтыхьым и пыхъуэпышэхэм Кавказым ис лъэпкъхэм «сэхъуари, Iэлри» къыфIащурэ зэрагъэпцIа Iуэху еплъыкIэ нэпцIхэр, урыс цIыху къызэрыгуэкIхэм гукъэкI яригъэщIащ пащтыхьым иуба лъэпкъхэм пщIэрэ нэмысрэ яхуэфащэу, абыхэм ирагъэкIуэкI зауэри захуагъэу.

Октябрь революцэм хуитыныгъэ къахуихьыгъащ япэм дэкъузауэ псэуа лъэпкъ псоми. Зэкъуэш лъэпкъхэм я къэралыгъуэм зы щIыпIэкIэ къыгуэту адыгэ лъэпкъхэми - къэбэрдейхэм, адыгейхэм, шэрджэсхэм - зауэжь: щIэныгъэншагъэр гъэкIуэда хъуащ, я щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хэлъхьэныгъэфIхэр хуащI, я литературэращи, хамэ къэралыбзэ IэджэкIэ зэрадзэкIыурэ я тхылъхэр дуней псом тохьэ.

Дэ Iэмал диIэ хъуащ адыгэ тхыдэр кууэ ддджыжыну икIи телъыджэу ди блэкIам къыщыдгъуэтыжхэр ди нобэм къыщыдгъэсэбэпыну, псэкупсэ къулеягъыу диIэм дяпэкIи хэдгъэхъуэну. Абы и лъэныкъуэкIи гулъытэ зыхуэфащэ Iуэхугъуэшхуэщ илъэс куэдкIэ узэIэбэкIыжмэ езыхэм я лъэпкъ литературэ зэзыгъэпэщыну хэта адыгэ тхакIуэхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ я тхыгъэхэр ди нобэрей гъащIэм къыхуэгъэушыжыныр.

ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэмрэ етIощIанэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэмрэ псэуа адыгэ тхакIуэхэм я тхыгъэ куэдым я мыхьэнэр иджы нэхъ лъагэ хъуащ. Ахэр удихьэхыу тхащ. А тхыгъэхэм хуэныкъуэщ ди нобэрей тхылъеджэр. Адыгэ тхыбзэ зэрыщымыIэм къыхэкIкIэ, урысыбзэкIэ тхэуэ щыта Хъан-Джэрий, КIашэ Адэлджэрий, Къаз-Джэрий, Инэт Кърым-Джэрий, Адэл-Джэрий, Ахъмэтыкъуэ Къазибэч сымэ я къалэмым къыщIэкIахэр адыгэбзэкIэ къыдэгъэкIыжын хуейщ. Ауэ а Iуэхум мащIэу йогугъу; литературэр зыджыж язынькъуэ щIэныгъэлIхэм къалъытэ зи гугъу тщIыж тхакIуэхэм я тхыгъэхэр я тхыкIэкIэ зэхуэмыдэу, я гъэпсыкIэкIи зэмыщхьу, нэгъуэщIу жыпIэмэ ахэр, иджырей литературнэ гъэпсыкIэмкIэ къэплъытэмэ, нэмыщIысауэ. Ауэ нэмыщIыса гуэрхэр щыIэми, а лэжьыгъэхэм фIагъ яIэщ, Iэзэ дыдэу тхари мащIэкъым. Мыбдеж къыщызгъэлъэгъуэну сыхуейщ ди литературэм къежьапIэ хуэхъуауэ узэрыгушхуэ хъун тхыгъэхэр а ямыдэхэм зэрахэтыр, ахэр ди лъэпкъэгъухэм къегъэцIыхуныр зыщхьэщыпхыж мыхъун къалэну къызэрытпэщытыр.



Польшэм щекIуэкIа зауэм щытекIуахэр Царицын ныджэм щагъэлъапIэ. Адыгэ зауэлIхэр япэ итщ.
*Бытырбыху, 1831 гъэ, жэпуэгъуэм и 6*

### «ХьэжытIэгъуей ауз»

ИДЖЫ дытепсэлъыхьынщ япэ адыгэ тхакIуэ Къаз-Джэрий СулътIан и къалэмым къыщIэкIа тхыгъэхэм, абы и псэукIам. Пушкиным и лъэхъэнэгъуу щыта а тхакIуэм теухуауэ иджыри къэс дызыщыгъуазэр мащIэщ.

Къаз-Джэрий и зэчийм зиужьынымкIэ сэбэпышхуэ хъуащ урыс щIэныгъэлIхэр, тхакIуэ цIэрыIуэхэр. Мыин дыдэу гъэпса тхыгъитIымкIэ Къаз-Джэрий нэрылъагъу къищIащ тхэным зэрыхуэгурыхуэр, зэхэщIыкIышхуэ зэриIэр.

Адыгэ тхакIуэм къыдигъэкIа и тхыгъэ нэхъыфIщ икIи нэхъ инщ «ХьэжытIэгъуей аузыр». Ар «Современник» журналым 1836 гъэм и мэлыжьыхь мазэм традзащ, Гоголь и «Гущэ», «ХыхьэхэкI зиIэ цIыхум и пщэдджыжь», Пушкиным и «Арзрум къызэрыщыскIухьар», «Щауэ къуэгъун», Жуковскэм и «Жэщ еплъыныгъэ» тхыгъэ гъуэзэджэхэм ящIыгъуу.

Урыс литературэм Кавказыр хэзыхьа урыс усакIуэшхуэ, «Современник»-м и унафэщI Пушкиныр «ХьэжытIэгъуей аузым» къыщеджэм гухэхъуэ зэригъуэтар ибзыщIакъым:

«Мыр дэ дызыпэмыплъа Iуэхугъуэ телъыджэщ! Кавказ Iэлым и къуэр ди тхакIуэхэм къабгъуроувэ; адыгэ щIалэм урысыбзэр хуиту, щIэращIэу икIи лъэщу егъэшэрыуэ. Дэ зы псалъи щызэтхъуэкIакъым фи пащхьэ итлъхьа пычыгъуэм. ГъэщIэгъуэнкъэ: щIэныгъэм и IэфIыпIэр зыхэзыщIа Къаз-Джэрий СулътIан епцIыжакъым и лъахэм щызекIуэ хабзэхэм, и лъэпкъ тхыдэм».

Белинский Виссариони гуапэу IущIащ адыгэ тхакIуэм и къалэмым. Къаз-Джэрий и гъуэгуанэ тхыгъэр зэрыт журналыр къыдэкIа нэужь, критик цIэрыIуэм «Современник»-м теухуауэ псалъэ зыбжанэ» зыфIища тхыгъэм мыпхуэдэу щетх:

«ХьэжытIэгъуей аузыр» адыгэм (Къаз-Джэрий СулътIан) зэритха къудеймкIэ гъэщIэгъуэнщ, ар ди тхакIуэ цIэрыIуэ куэдым нэхърэ нэхъ хуэшэрыуэщ урысыбзэм».

Тхыгъэр щиухым Белинскэм къыхигъэщхьэхукIащ журналым традза «тхыгъэ псори, усэхэм фIэкIа къэмынэу, фIы зэрыхъуар».

Гъуэгуанэ тхыгъэм ущеджэкIэ, занщIэу гу лъыботэ ар зытхам и къалэмыр зэрышэрыуэм, апхуэдэуи зыхыбощIэ урыс щэнхабзэр тхакIуэм и зэфIэкIым къеждьапIэ зэрыхуэхъуам. «ХьэжытIэгъуей аузым» тепщIыхьмэ, Къаз-Джэрий и адэжь хэкум фIылъагъуныгъэ хуиIэт, езыр щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ цIыхут.

Тхыгъэм занщIэу щыгъуазэ дещI Iуэхур къыщыхъу лъэхъэнэми щекIуэкI щIыпIэми - *«1834 гъэм мэкъуауэгъуэ мазэм и 3-м, Псыжь адрыщI»*. Хъыбарыр къэзыIуэтэжыр, бысым нэшхуэгушхуэм и хьэщIэщыр къегъанэри, дыгъэ къухьэгъуэм ХьэжытIэгъуей аузым къыщхьэщыт Iуащхьэм хуопIащIэ. И адэжь хэкум къызэригъэзэжам абы кърет гурыфIыгъуэшхуэ, къыщохъу дуней псор езым къыхуэгуапэу. И щIыналъэм и дахагъыр щилъагъукIи, гуфIэгъуэ нэпсым еуфэ и нэр.

Хъыбарыр къэзыIуэтэжыр зэрыббгырыс нэсыр къумыщIапIэр иIэкъым, зигъэпсэхуну къыздэкIуэжа и щIыналъэр илъагъури, хьэщыкъ хъуащ, къалэмри къищташ. ИкIи и япэ псалъэхэм къыщыщIэдзауэ зыхыуегъащIэ мы щIыпIэм ар къызэрыщыхъуар, абы и щыпэлъагъукъым Кавказ бгы уардэхэр, къуршыпс Iэлхэр, ауз дахащэхэр, ауэ абы зэрахуэзэшари, и гум къыщыуш гурыфIыгъуэхэри апхуэдэу зыхуэусынур бгырыс нэсырщ. Абы къилъагъуфхэр, гу зылъитэхэр имылъагъункIэ мэхъу нэгъуэщI щIыпIэ къыщалъхуам.

Пэжщ, тхыгъэр Къаз-Джэрий щитхар нэхъ иужьыIуэкIэщ, а и нэгу щIэкIахэм нэхъыщхьэр къыхихыжыфын хуэдэу зэман дигъэкIри итIанэщ тхэн щыщIидзар.

Удихьэхыу, зыкъытумычыжыфу узэджэ тхыгъэр зыхуэдэр жыIэжыгъуафIэкъым, ауэ апхуэдизкIэ ар шэрыуэу гъэпсащ, зы гупсысэм хуолажьэри, зэ уеджауэ зэи пщыгъупщэжыркъым.

Сыт-тIэ ар гум къизынэр? КъызыхэкIа лъэпкъыр тхакIуэм зэригъэлъапIэр, абы и нобэмрэ и пщэдеймрэ нэхъыфI хъуным зэрыщIэхъуэпсыр аращ. Къаз-Джэрий и тхыгъэм къыщегъэлъагъуэ адыгэхэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным иIэну мыхьэнэшхуэр.

Дунейм и теплъэ дахэр къыщигъэлъагъуэкIи бгырысхэм я псэукIэм щытетхыхькIи Къаз-Джэрий пэжыр и гъуазэщ, абы теплъэкъукIыркъым, дерс къызыхэхын хуейр къегъуэт, ар зэманым къигъэув къалэнми къыхуегъэлажьэ.

ТхакIуэм и тхыгъэр зытриухуэр зыщ: бгырыс лъэпкъхэм зыкъыщаIэтынур, насып щагъуэтынур щIэныгъэм и нэхур ятепса нэужьщ, щIэныгъэншагъэм и кIыфIым хэтыху, я щэнхабзэми зиужьынукъым, я псэукIэри ефIэкIуэнукъым. Къаз-Джэрий гъуэгуанэ тхыгъэм къыщыжеIэ: *«Европэм сыщамылъхуами, сэ си нэгу къыщIэзгъэхьэфащ мыбыхэм я гъащIэ дыджыр, сэшхуэдзэм дэлъ зэпыту ягъакIуэ гъащIэр... Ауэрэ сыздэгупсысэм, сигу къэкIыжащ апхуэдиз псалъэмакъ зращIэкIа, апхуэдизрэ ягъэныщкIуа щIэныгъэ Iуэхур. ГъэщIэгъуэнщ! Куэд щIа сэ мы лъахэм жьым хуэдэу шууэ къэзжыхьу сызэритрэ, иджы сыхьэзырщ мыбы щIэныгъэр къэса зэрыхъун Iэмал минхэр зэхэслъхьэну».*

ТхакIуэм адэкIэ къыпещэ: *«Ауэ аракъым иджыпсту къыспэщытыр - нэхъыфIыр тхьэм къытхуищIэ, зэрыхъуIамэ хъунщ - си гъусэхэр араурэ къыщIэкIынкъым иджыпсту зыщIэхъуэпсыр; етIуанэ жэщыр щыдгъэкIуэну быдапIэр щалъагъум, ахэр зэщIэкъэкъащ, сэри, гупсысэр щысщхьэщыум, си щхьэр къэсIэтри слъэгъуащ урыс быдапIэр. ИлъэсипщI и пэкIэ хэт и гугъэнт урысхэм мыбдежым быдапIэ къытращIыхьыну; си пщIыхьэпIи къыхэхуэнтэкъым зэгуэр си бийуэ щытам и деж мыпхуэдэ жэщ щисхыну».*

Хэт ищIэн мызыгъуэгуми Къаз-Джэрий и Iуэху зыхуэдэу щытар?! Дэ дыщыгъуазэкъым и лъэпкъэгъухэм ятеуэну дзэм ар хэтами. Абы щыгъуэм, урыс офицерым хуэдэу, унафэ бзаджэр имыгъэзэщIэн лъэкIыркъым. Мыдрейуэ, а унафэхэм ебэкъуэфамэ, цIыхугъэ нэс къыкъуэкIынт, и щхьэм пщIэ хуищIыжыфу.

АдэкIэ Къаз-Джэрий и гупсысэм зрегъэубгъу: *«Бгы фIыцIэ щымхэм теплъызащ си нитIыр. Къыр дзакIэм къыкъуэплъ дыгъэ бзийм урыс сэлэтым и мыжурэр фагъуэу полыд. Дыгъэр хуэм-хуэмурэ къурш щIыбым щыужьыхыжащ, уафэ лъащIэм телъ пшэ гъуабжэхэм я нэзым плъыжьыпс мащIэ къыщIэлъэдащ, къуршыщхьэ уэсри, зыгуэрым игъэукIыта нэхъей, цIыплъ къэхъуащ»...*

«ХьэжытIэгъуей аузым» щыщ мы пычыгъуэмкIэ къыщIэгъэща мэхъу «къару здэщыIэм напэ щыIэн хуейкъым» жыхуиIэ Iуэху еплъыкIэ мыфэмыцыр. А Iуэху еплъыкIэр къэзыгъэщIа лъэхъэнэри лъэхъэнэ гущIэгъуншэу зэрыщытар къегъэнаIуэ икIи цIыхугъэншагъэмрэ гущIэгъуншагъэмрэ гъащIэм и хабзэ зыщIа пащтыхьым абыкIэ нэлат ирех.



Кавказ эскадрон ныкъуэм и юнкер.
*Сурэтыр* Белоусов Леонид *ищIащ. 1831 гъэ*



Кавказ эскадрон ныкъуэм и офицер.
*Сурэтыр* Гагарин Григорий *ищIащ. 1844 гъэ*

«Мамыру псэу цIыхухэр зауэм щыхэкIуадэкIэ, бгырысхэм я къуажэ зэкъуэхуахэр мафIэм щисакIэ, лъэпкъ псор хьэзабым щыхэтакIэ - а лъэпкъым и бийуэ ирагъэкIуэкIащ зауэ мыхъумыщIэ, ар ягъэзахуэу сыт хуэдэ псалъэ фэрыщI кърамыIуэкIами...» - дэ апхуэдэу къыдгуроIуэ адыгэ тхакIуэр зытепсэлъыхьыр.

Ар гупсысэ узыншэу тхыгъэм къыхощ. Пэжщ, зыгъэпIейтей Iуэхур тхакIуэм и «джатэр ихауэ» къиIуатэркъым, ауэ Урыс-Кавказ зауэм и теплъэгъуэ шынагъуэхэм мащIэу къытхутопсэлъыхьри, абы гущыкI худегъэщI. «Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъ цIыкIухэр зауэм егъэунэхъу», - жеIэ Къаз-Джэрий. Ауэ абы иринэщхъейуэ и тхыгъэр «гъыбзэу» игъэшыркъым, гурыфIыгъуэнши ищIыркъым - къэхъукъащIэ, теплъэгъуэ зэмыплъыфэхэмкIэ гурыхь къытщещI.

А къэхъукъащIэхэм дыкъыхуагъэуш Къаз-Джэрий къыжиIэну зыхэтым, ар зыщIэкъум, гъащIэмрэ тхыдэмрэ къахиха дерсхэм. Гъэхуауэ щыта «псалъэмакъыр» щIэщыгъуэу икIи утемызашэу йокIуэкI.

Къаз-Джэрий фIыуэ щыгъуазэт и лъэхъэнэм щыIа тхылъеджэхэр зыхуэдэм, абыхэм яфIэкъабылри я мыхьэмышхри ищIэрт. Арагъэнщ зылъэгъуар зытхыжым хуэдэу тхэну щIыхуэмеяр. Абы и гъуэгуанэ тхыгъэм щызэкIэщIэпхъащ шэрджэс гъащIэр, адыгэ дунейр къэзыгъэлъагъуэ теплъэгъуэхэр.

ТхакIуэм зыщехъумэ илъэгъуари игъэунэхуари псалъэмакъ гъущэкIэ къетхэкIыным, къыгуроIуэ езыр Iуэхум зэреплъыр, псэкIэ зыхищIэхэр хигъэхьэкIэ и тхыкIэр нэхъыкIэ зэрымыхъунур. ИкIи щыуэркъым, ар щыхъума мэхъу псори зэсэжа тхэкIэжьым - гъуэгуанэ тхыгъэхэр нэхъыбэм зэратхыу щытам. Нэхъыщхьэращи, Къаз-Джэрий теплъэгъуэ гуэрхэр иузэщIым зыдригъэхьэхыу езым а псор къызэрыщыхъужар къигъэлъэгъуэну щыгъупщэркъым. А тхэкIэм тету Къаз-Джэрий еузэщI гъуэгуанэ тхыгъэм зэрызиужьын хуей щIыкIэр: зрихьэлIа цIыхухэмрэ и нэгу щIэкIахэмрэ зищIысыр къэгъэлъэгъуэн, а псор езым къызэрыщыхъужари къэIуэтэн, къэхъукъащIэхэм зэрегупсысыр хъыбарым къыхэгъэщын, а къомым зы дерсышхуэ къапкърыкIыжу тхыгъэр гъащIэм хуэгъэлэжьэн. ЖыIэни хуейщ, адыгэлIым и джатэ жану, Къаз-Джэрий и къалэмри и мурадым зэрыхунэсыр. Зэ жиIам къыщытригъэзэж, и жыIэкIэри зэшыгъуэ щыхъу хэмыту жьэнахуэщ зи макъ дедаIуэр. Ар икIи набдзэгубдзаплъэщ, зытеплъар игу ириубыдэфу. ЗэхэщIыкIи иIэщ, тхылъеджэр зыхуейр къищIэфу. Абы къызэрыгуэкI псэупIэхэр зи хэщIапIэ бгырысхэм я лъахэр урыс тхылъеджэм ирегъэлъагъуф, адыгэхэр зыхуэдэр абыхэм къарегъэщIэф икIи мыпхуэдэу мэущие: «А фызэримыгугъэм хуэдэу, псэ къабзэхэщ сэ си лъэпкъэгъухэр, цIыхугъэшхуэ зыхэлъхэщ. ЩIэныгъэкIэ дахуэвгъэупси, флъагъунщ, ахэр зэрыхъу! ИтIанэ я щIыхуи къызытранэнкъым адыгэхэм, Iэджэ фIыгъуэкIи къывэтэжынщ».

ЩыцIыкIум щыгъуэ Къаз-Джэрий фIэфIт жьапщэм хэтыну. Дунейр къыщызэIыхьэкIэ къуагъэнапIэ лъыхъуэртэкъым. Арагъэнщ абы къыщIыщыхъур:

*Мэз бгынэжахэм къуату*
*гурыфIыгъуэ,*
*Хы Iуфэм псэм щихьэмтетыгъуэу,*
*Толъкъун къэкъуалъэм плъагъуу*
*и дахагъ,*
*Хым ныджэ бжьэпэр къэхъуми*
*щигъагъ...*

***(КIэлъыкIуэр 4-нэ нап.).***

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

# ЯПЭ АДЫГЭ ТХАКIУЭ

## Къаз-Джэрий СулътIан

**460**

*(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 3-нэ нап.).*

Къаз-Джэрий бзэ зыбжанэ ищIэрт. Абы иджащ дунейпсо литературэр. Адыгэ тхакIуэм, псом хуэмыдэжу, фIыуэ илъагъурт Байрон и тхыгъэхэр. Хуитыныгъэм и бэнакIуэ лъэщыр, Белинскэм «етIощIанэ лIэщIыгъуэм и Прометей» зыфIища а усакIуэшхуэр, абы и гум къишхыдыкI хуэдэт мы усэ сатырхэр щитхым:

*И хуитыныгъэр щихъумэжым*
*деж фIэкIа*
*ЩымыIэ лъэпкъ лъэщым*
*хуэфэщэну зауэ.*
*Адрей псори - цIыху щаукIщ...*

Байрон и «Стансхэм» щыщ зы сатыр, «Мэз бгынэжахэм къуатыр гурыфIыгъуэ» жыхуиIэр, хигъэхьащ Къаз-Джэрий и «ХьэжытIэгъуей аузым».

И лъэпкъым и къэкIуэнур зэрыхъунум дапхуэдизкIэ иримыгузавэми, тхакIуэм и фIэщ мэхъу ар насыпыфIэ зэрыхъужынур, мыпхуэдэуи етх:

«Уэ уи пщыхьэщхьэ уэмхэм, уи шэджагъуэ жьауэм, уэ уи борэнхэм, уи губгъуэ щхъуантIэхэм, пшэм къыпхыплъ уэсыл къырхэм сытыр пэхъун, Кавказ! Уи нэм илъагъум уетхьэкъу. Жыжьэ ущIэкIуэн щыIэкъым - мес зи пащхьэ сит мывэ сыныжьыр къащтэ. Гува-щIэхами, бгырысхэм къахэкIынщ абы и гукъеуэр пшыналъэ къабзэкIэ зыIуэтэфын усакIуэ. Шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым: Кавказым и дурэшхэм дэс лъэпкъхэр усэбзэ гуакIуэм и джэ макъым къыдэушынщ: мы лъахэм и уэрэдыжьхэр, ахэр зи гущIэм къиIукI джэгуакIуэ екIуэлIапIэншэхэр лъэужьыншэу кIуэдыжыныр фIэщ хъугъуейщ - гупсысэрэ къарурэ я бэщ абыхэм».

ИпэжыпIэкIи а IуэрыIуатэм уригушхуэ хъунут: хуитыныгъэр фIыуэ зылъагъу адыгэхэм дуней псом яфIэтелъыджэу яхэлъа лIыгъэм хуэфащэт уэрэдыжь дахэхэр.

Максимов А. Н. и «Энциклопедие псалъалъэм», 1917 гъэм и пэкIэ дунейм къытехьам, къэбэрдейхэм ятеухуауэ мыр къыщыдогъуэт: «Абыхэм езыхэм я тхыбзэ яIэжкъым, ауэ я усыгъэхэр зыми емыщхьу купщIафIэщ».

Адыгэ лъэпкъым IуэрыIуатэм къыщигъэлъагъуэрт нэхъ мыхьэнэ иIэу и гъащIэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэр, ар абы и тхыдэт икIи и тхыбзэт.

Ижь-ижьыж лъандэрэ хамэ къэрал къикIхэу Кавказым плъакIуэ куэд къыхуэкIуэрт щIэныгъэлIхэу, зекIуэлIхэу, тхакIуэ-усакIуэхэу. Ахэр дихьэхырт щIыпIэр зэрыдахэм, лъэпкъ куэди зэрыщыпсэум. Абыхэм дунейм къытрагъэхьащ бгырысхэм ятеухуа тхылъищэхэр. Пасэрей Алыджым и тхыдэтх Плиний къызэриIуэтэжамкIэ, Кавказым щыпсэухэм ирепсэлъэн папщIэ Урымым и лIыкIуэхэм къыздрашэкIырт бзэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыщIэ тэрмэшхэу 132-рэ. Хьэрып тхыдэтх ибн-Хьэукъал Кавказым къыщибжат бзэ 360-рэ.

Зи гугъу тщIыхэм я Iуэху еплъыкIэхэр щыуагъэншэкъым, пцIыи яIэщIэкIагъэнкIи мэхъу. Ауэ Кавказ лъэпкъхэм яIа псэукIэр, зэхэтыкIэр, я щэнхабзэр зыхуэдэу щытар тхыдэм щызэфIэувэжынымкIэ абыхэм ятхахэм ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ. Псалъэм папщIэ, нэмыцэ еджагъэшхуэ Боденштедт Фридрих адыгэхэм ятеухуауэ мыпхуэдэу жиIащ: «НэгъуэщI гъуазджэ лIэужьыгъуэхэр Iуигъэщтами, дунейпсо цIыхубэм и зэштегъэу тхьэIухудитIыр - поэзиемрэ музыкэмрэ - хуеудыхакъым зауэм и Iэуэлъауэ шынагъуэм. Апхуэдабзэу ар пэлъэщакъым а щIыпIэ дыджым щыплъагъу дуней дахащэм. ЩIым пэгъунэгъу дэтхэнэ лъэпкъми хуэдэу, адыгэхэми поэзиер яIэщ лъэпкъым и Iущыгъэхэр щызэхуэхьэса пхъуантэ гъэтIылъыпIэу, батэр езыгъэгъэш къарум и къежьапIэу, хеймрэ мысэмрэ зэхигъэкIыу щIыгум итым я нэхъ лъэщ дыдэ хеящIэу».


**ХьэжытIэгъуей аузым.**
*Сурэтыр* **ПэтIуащIэ Феликс** *ищIащ. 1986 гъэ*

Адыгэ IуэрыIуатэр зэрыкъулейм, ар зэмылIэужьыгъуэ усыгъэхэу, хъыбархэу зэрызэхэлъым теухуауэ куэд ятхащ зи гугъу тщIы еджагъэшхуэм и лъэпкъэгъухэу Юлиус фон Клапрот, Карл Фридрих Нойманн, Карл Кох сымэ, нэгъуэщIхэми. А псом я гугъу щIэтщIыжыр япэ адыгэ тхакIуэхэми ди IуэрыIуатэр «анэ быдзышэ» зэрахуэхъуар къэдгъэлъэгъуэн мурадкIэщ.

Къаз-Джэрий и гугъу пщIымэ, ари, сабийуэ къыщIидзэри, къызыхэкIа лъэпкъым и гурыгъу-гурыщIэхэм, ар зыхуэхъуапсэмрэ зыщIэбэнымрэ, абы и тхыдэмрэ и хъыбарыжьхэмрэ щыгъуазэу къэхъуащ. IуэрыIуатэм абы къыщигъуэтырт и лъахэм, дыгъэм, псэущхьэхэм, дунейм и къэхъукъащIэ куэдым зэрахущытынум и щапхъэхэр, и лъэпкъым цIыху зэрыхуэхъунум и дерсхэр. А псори Къаз-Джэрий къыщхьэпэжащ лIыпIэ иувэу тхэн щIидза нэужь. Урысыбзэри иджащ егугъуу. Бытырбыху еджакIуэ кIуа нэужьи зыщIидза Iуэхур Iэпэдэгъэлэл ищIакъым. Уегупсыс хъунущ а лъэхъэнэрауэ тхэн щыщIидзар. Ди деж къэмыса романтикэ тхыгъэ гуэрхэри и къалэмым къыщIэкIагъэнущ. Ауэ, Пушкинми хуэдэу, япэ адыгэ тхакIуэм куэд-мащIэ итхами - пэжыр и гъуазэт, гъащIэр мыгъэщIэрэщIауэ къэгъэлъэгъуэныр и нэрыгът. Апхуэдэу щыт пэтми, псалъэ гъэщIэрэщIар и жагъуэтэкъым - гупсысэ щIэгъэщхъуар къриIуэтэну нэхъ имыIэр куэдрэ къигъэсэбэпырт, зэгъэпщэныгъэхэр, зым нэхърэ адрейр нэхъ екIуу, къихьырейт. Абы и щапхъэщ мы пычыгъуэр:

*«Псы Iуфэм деж пшахъуавэ мащIэ иIэщ, мывэкIэщхъ цIыкIухэр нэм къищтэ къудейуэ къыхэцIуукIыу. Толъкъун лъагэхэмкIэ Iуфэм къыIурыуэу екIуэсэх псы уэрыр мэз кIыфIым къыщIожри, зиIуантIэ-зишантIэу къуэ кIуэцIым зыкъомрэ щыдыма нэужь, аргуэрыжьу мэз кIыфIым хокIуэдэж, благъуэ фIыцIэжь гуэрым зыIуригъэлъэда фIэкIа умыщIэну.*

*АдрыщIкIэ нэпкъым къыщхьэщыува жыгхэм я жьауэр псы щхьэфэ лантIэм къытредзэ икIи, псэ япыт нэхъей, толъкъунхэм дещIэу псы гущIыIум телъщ. Мазэр лъапэпцIийуэ, зиудыгъуауэ щIасэм деж кIуасэ тхьэIухуду, пшэ чэсей пIащIэм пхосыкI, къыщыщIэщыжкIэ, и нурыр зэуэ къеблыжу».*

Язынықъуэ щIыпIэхэм деж Къаз-Джэрий зы зэгъэпщэныгъэр адрейм къыкIэлъихьыжурэ тхыгъэр хедыкI, тхыпхъэщIыпхъэу зэIуещэ. Абы и псалъэр дыгъэлщ, гурыхьщ, нэIурытщ. «ХьэжытIэгъуей аузымрэ» «Къэжэр гушыIэмрэ» зи Iэдакъэ къыщIэкIар сурэтыщI Iэзэм хуэдэт. Белинскэр Гоголь и повесть гуэрхэм еджэри, мыпхуэдэу итхыгъащ: «Ар тхэуэ пщIэркъым, сурэт ищIу фIэкIа, абы и псалъэр сурэт псэ зыпытым хуэдэщ, тхылъеджэм и нэм щIолыдэ, дунейм и теплъэмрэ гъащIэм и пэжымрэ нахуэу къызэригъэлъэгъуамкIэ къигъэуIэбжьу».

Къаз-Джэрий и сурэт щIыкIэм деплъыни:

*«Сэ зыстIэщIри псым сыхыхьащ; сыхьэзырт мыбы сыкъэзыхьыжа тхьэ лъапIэм си псэр къурмэн хуэсщIыну. Мазэр уафэми псыми щесырт, ауэ сэ уафэм щес мазэр къэзгъанэри, псым зыщIэзыгъэмбырыуа мазэм сыкIэлъыIэбащ. Сэ нэхъ насыпыфIэ хэт щыIэнт иджыпсту! Сабиигъуэ IэфIыр сигу къихьэжауэ сэ псым сыщыджэгурт; зыри, зыри сщIэжыртэкъым сэ иджыпсту - гъуэгу сызытетари, Iуэху къызэрыспэщылъри, уеблэмэ дуней псом сэ зым фIэкIа темытыжу къысщыхъут. Щреджэгу хэт хуейми тенджызыжьхэм я толъкъун абрагъуэхэм, хуитщ хэт хуейми и нэр гъунэншэм теплъызэну. Сэ сызэдэIуэнур зи быдзышэ сIулъ къуршыпс Iэлым и шхыдэ макъырщ: мыращ, мы псы уэрырщ и къуэ закъуэм и фэеплъу си анэжьым къыхуэнар. Фызабэм и гугъапIэу сыкъыщыхъуащ сэ мы Iуфэм, мыбдежыращ сабиигъуэм сыщыпыкIари. Сэ си Iыхьлыщ мы псы Iэлыр; мо губгъуэ нэщIым зэшу ит Iуащхьэ папцIэхэри сэращ зыпэплъэр: къыспоплъэ, къызэдэхащIэу; къыспоплъэ, я гукъеуэ къысхуаIуэтэну».*

ЖыIэгъуэ шэрыуэкъэ-тIэ ахэр?! ТхакIуэм сытым и гугъу имыщIми, а зытетхыхьыр къыщIегъэувэ нэгум - и инагъкIи, и плъыфэкIи, и щIыкIэкIи - зэрыщытыбзэм хуэдэу. Къаз-Джэрий екIуу къегъэсэбэп сурэт щIыным и хабзэхэр. ХэтIэхэсэм щезэша иныжьхэм жыгхэм я ныбжьхэр щригъэщхькIи, лъагъуныгъэм игъэпIейтеяуэ зыкъэзыIэт бгъэхэм Инжыдж псым и толъкъунхэр щыхуигъадэкIи Къаз-Джэрий и бзэр тIэкIу гъэщIэрэщIэIуауэ къыпщохъу, ауэ и тхыгъэр зэрыщыту къапщтэмэ, псалъэм и зэкIэлъыхьыкIэр, и къэгъэсэбэпыкIэр Пушкиным и прозэбзэ емыгъэлеям, зэгъэзэхуам нэхъ хуокIуэ. МыркъудеймкIи ар уолъагъу:

*«Куэд щIауэ сымылъэгъуа щIыналъэм и дахагъым ситхьэкъупауэ зысплъыхьу уанэгум зыбжанэрэ сисащ: Кавказым сыкъихьэжауэ сэ армыгъуейуэт си фIэщ зэрыхъур; сэ къысфIэщIырт Бытырбыху театрым сыщIэсу оперэ телъыджэм седаIуэ, ауэ зэ нэхъ мыхъуми мы аузыр зылъэгъуар игъащIэкIэ къыпхуэгъэпцIэнкъым гъуазджэ Iэрыщым и теплъэ фагъуэмкIэ».*

Къызыщыхута щIыпIэр езым къызэрыщыхъур къызэриIуэтэнщ мыбдежым тхакIуэр зыхущIэкъуар, а зыхуеяри зригъэхъулIащ. Езым жиIэм тхылъеджэр арэзы темыхъуэми едэ абы. Ауэ шэчи къытрихьэркъым куэдым я гум зэрылъэIэсынум.

Дэтхэнэ тхакIуэ Iэзэми хуэдэу, Къаз-Джэрий и псалъэри нуру и гум къыщылыдырт. И гумрэ и псэмрэ щыщIэр е гумрэ псэмрэ зыхуэхъуапсэхэр къахэнэIукIыу и тхыгъэм теплъэгъуэхэр щеузэщI:

*«Псым сыкъыхэкIыжри щIакIуэр зэсшэкIащ; хьэуа къабзэм тутынымэ гуащIэр хэсшэу сыздэщысым, аргуэру Iэджэ си нэгу къыщIыхьэжащ. ЦIыхум апхуэдэ дакъикъэ къыщыхуепсых къэхъуркъэ - уи псэм фIэфIри ар зыщIэкъури умыщIэжу? Тхьэм ищIэнщ а дакъикъэм си щхьэм къыдэуея псор... ЗыкъэсIэтын си жагъуэу, сешауэ, псы Iуфэм сыIуст сэ, сигурэ си щхьэрэ зэрызэбгъэжам гу лъита хуэдэ, псыри нэхъ щым хъуауэ къысфIэщIащ. Зигу зэпауда сабий нэхъей, сэ си нэпсым къызэпижыхьащ».*

ЯпэкIэ къэтхьа щапхъэхэм ящхькъым мы иужьрейр. Мыбдежым Къаз-Джэрий псалъэр нэхъ щызэрегъэзахуэ. Езым къызэрыщыхъухэмрэ къызэрыфIэщIхэмрэ IэщIыб ещI, зытепсэлъыхьыр зэрыщытым хуэдабзэу, егъэлея хэмылъу, еузэщI.


**Япэ адыгэ тхакIуэ-узэщIакIуэхэр (XIX лIэщIыгъуэ).**
*Сурэтыр* **ПэтIуащIэ Феликс** *ищIащ.*

Зэрыщыту къапщтэмэ, Къаз-Джэрий и тхыгъэм удихьэхыу укъоджэ, сыту жыпIэмэ ар егъэлея хэмылъу, гурыIуэгъуафIэу тхащ - зи гугъу ищI щIыналъэри, тлъагъу хуэдэу, ди нэгу къыщIегъэхьэф. ЖыIэгъуэ зытIущкIэ IупщIу нэгум къыщIегъэувэ ХьэжытIэгъуей аузым и Iэгъуэблагъэхэр, абы къыщхьэщыт бгыжьхэр. ЕтIуанэу дунейр къызэIуехыж жыпIэнщ, ар зыуэ Iэзэу тотхыхь зыщалъхуа щIыналъэми, ар зыуэ гуапэу ятопсэлъыхь а щIыналъэм щыпсэу и лъэпкъэгъухэми. Езым ущIыгъум хуэдэу а псори уегъэлъагъу икIи зыхыуегъащIэ:

*«Гупсысэ куум сыхэтурэ зэманыфI дэкIагъэнщ; Iэмалыншагъэкъэ зэгуэр пэIэщIэ сызыхуэхъуауэ щыта щIыналъэр, къызэрызгъэзэжам щыгуфIыкIыу къысщыхъури, абы и теплъэм итхьэкъуа си нэм ткIуэпс къыщIэлъэдащ.*

*Зи быдзышэ сIулъ хэкужьым и куэщI сыкъихутэжащ сэ; мес, ди жьэгужь сэхыжам щиху закъуэр къепэзэзэхыу щхьэщытщ; къуейщIеиным си пкъыр щигъэундэрабжьэкIэ IэфIу сыIурихыу, жейр стеумэ, аргуэру гухэхъуэ дахэм сыкIэлъыIэбзу, сыкIэлъыIэбэ щхьэкIэ сылъэмыIэсу махуэ дапщэ щызгъэкIуа сэ мыбдеж...*

*ХьэжытIэгъуей аузыр Iэщ гуартэхэм яуфэбгъуу щIадзащ; гъуэгурыкIуэ жьырытэджхэр зэхэзекIуэу уолъагъу; ауэрэ щIалэгъуалэр, хэт шууэ, хэти лъэсу, псыхъуэм дэз мэхъу; сабийхэр, зыр зым кIэлъыпхъуэу, шыкIэ къызэдожэ. ДэнэкIэ сымыплъэми, гуфIэгъуэ макъыр зэхызох, нэхъапэми хуэдэу, псыхъуэр гугъэ дахэм къыщIотаджэ; сэ зырщ абы дэзашэр: блэкIащ сэ мыбы сыщыщытеууэ щыта махуэхэр, блэкIащ, игъащIэкIэ къамыгъэзэжыну».*

А сатырхэм къаIуатэ Къаз-Джарий и адэжь хэкум хуиIэ фIылъагъуныгъэр, а лъагъуныгъэр и гумрэ и псэмрэ къазэрыбгъэдэкIыр. Абы къыдэкIуэу, мыбдежым нэрылъагъу къыщохъу адыгэхэмрэ урысхэмрэ яку къыдэхъукIа а лIыр игукIэ зэрызэныкъуэкъужыр, жиIэмрэ ищIэмрэ зэрызэтемыхуэм и гупсысэри щиукъуэнш къызэрыхъур. Пащтыхьым илэжь Iуэху мыщхьэпэхэм ар гуитIщхьитIу зэрахущытри нэрылъагъущ. Езым къыхихынур, езыр здэувыну лъэныкъуэр хуэмыубзыху хуэдэщ. АтIэ ар къыхуащIыр зи унафэ урыс офицерщ, лъэпкъкIэ адыгэми. И тхыгъэри еух абы къыщиIэта гупсысэр и кIэм нимыгъэсауэ, и гъащIэм зэрыхущытри нэрылъагъу имыщIыпауэ. Ауэ шэч зыхэмылъыжыр зыщ: урыс пащтыхьми адыгэ лъэпкъми зэхуэдэу фIыуэ къахущIэкIыфынукъым - и напэм кърингъэзэгъыр хъунущ и псэукIэ.

### «Къэжэр таурыхъ»

АДЭКIЭ дыкъытеувыIэнщ Къаз-Джэрий и етIуанэ тхыгъэм - «Къэжэр таурыхъым». Ари, зи гугъу тщIа тхыгъэм кIэлъыкIуэу, Пушкиным и «Современник»-м и етIуанэ къыдэкIыгъуэм тридзащ, Кольцов Алексей, Языков Николай, шууей пщащэ Дуровэ Наталье сымэ я тхыгъэхэм щIыгъуу.

Хъыбарыр зытеухуар кIэщIу къэтIуэтэжынщ: къэжэр шахым, зыщIэн зымыщIэжу щыкIам, и ажэгъафэ Дэлхъин унафэ хуещI пщэдджыжьышхэм ирихьэлIэу пщIантIэдэт къомым я унэцIэхэм щIэнэкIалъэ зырыз пытхауэ къыхуихьыну.

«Ауэ къызжиIакъым жумыIэж! - къегъэшынэ ар шахым, - сигу ирималхьын емыкIу гуэр а уи ауанхэм къахэкIмэ, щысхь пхузиIэнукъым».

Дэлхъин тхьэмыщкIэр къэнэщхъеяуэ мэкIуэж унэм. ИгукIэ ар йобг пащтыхьми абы и блыгущIэт нықъуэделэ къомми. Жэщ псом Дэлхъин жеякъым, щIэнэкIалъэ усэхэр зэхилъхьэу щысащ. «ИкIэм-икIэжым, зы гупсысэ бэлыхь абы и щхьэм къихьащ езы шах дыдэм делэкIэ еджэну», - етх Къаз-Джэрий.

Шахыр ину къэдыхьэшхащ и ажэгъафэм къигупсыса щIэнэкIалъэр игу ирихьауэ, абы саугъэт иратынуи унафэ ищIащ. ПщIантIэдэт къомри, я зиусхьэным дэплъеяуэ, унащхьэр трач жыпIэну, зэщIэдыхьэшхэрт.

МылъкукIэ зэхуэмыдэ жылагъуэр къызэрыхъу лъандэрэ бэнэныгъэм и Iэщэ лIэужьыгъуэу къагъэсэбэп ауанычIхэр. Дэкъуза цIыхухэм, Дэлхъин хуэдэхэри яхэту, тепщэгъуэр зыIыгъхэм къарукIэ япэщIэувэфыртэкъыми, зэрымыарэзыр къагъэлъагъуэрт зи хьэмтетыгъуэхэм щыдыхьэшхыурэ. Дыхьэшхэну яусхэм езыхэм я щхьэр лъагэу яригъэлъагъужырт, дэтхэнэ залымым нэхъри зэрымынэхъыкIэр я фIэщ ищIыжырт.

«Дыхьэшхым ещIэ а зыщыдыхьэшхым нэхърэ езыр зэрынэхъыфIыр, - жиIэрт Луначарский Анатолий, - ар хущIокъу и никъуэкъуэгъум и щыщIэныгъэхэр къыщIигъэщыну, атIэ ахэр сэтей къэщIыным мыхьэнэшхуэ иIэщ дунейр лъэныкъуитI зэрыгъэхъуауэ щызэхущIэуэм деж зытепIуэнтIэнум хуэIэзэ ухъунымкIэ».

АуанышI тхыгъэхэм - шыпсэхэм, гушыIэхэм, щIэнэкIалъэхэм - дыхьэшхэнхэу къыщыгъэлъэгъуащ гъэпщылIакIуэхэр, абыхэм яхуэIуэхутхьэбзащIэ хеящIэхэр, уэчыл тхьэгъэпцIхэр, «щIэныгъэлI» пцIыIуэпцIышэхэр. Апхуэдэхэр а тхыгъэхэм къыщракъухь, щагъэпуд, нэгъуэщIу жыпIэмэ, Дэлхъин хуэдэ цIыху къызэрыгуэкIым сыт щыгъуи ауан ещIыф шахым хуэдэ цIыху залымхэр.

Шэч хэмылъу, Къаз-Джэрий къыгурыIуэрт а гъуазджэ лIэужьыгъуэр къэрэхьэлъкъ цIыхубэм я Iэщэ мыубзэщхъуу зэрыщытыр. А Iэщэр къэбгъэсэбэп хъунут ем, блэкIам и щIэин гъуамэхэм уребэныну, хеймрэ мысэмрэ иризэхэбгъэкIыну, захуагъэр кърибзэуну. А псори къызэрыгурыIуэм къыхэкIыу адыгэ тхакIуэм къыщIигъэщын лъэкIащ гъащIэм хэлъ гуемыIухэр. Къаз-Джэрий и «Къэжэр таурыхъым» ар щыдолъагъу.

Дыхьэшхэныр зэрыIэщэ лъэщым и щапхъэхэр тхыдэми къыщыдогъуэт. Дзэм хузэфIэмыкIар ауаным щызригъэхъулIа Iэджэрэ къэхъуащ, сыту жыпIэмэ дзэм дзэ пэщIэбгъэувэ мэхъу, мыбы зыкIи зыщыпхъумэжыфынукъым.

Зы зэман Наполеон и фэр ирахащ карикатурэ зыщIхэм. Амьен деж Инджылызымрэ Франджымрэ щызэраухылIа мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэм Наполеон хигъэхьат мы Iуэхугъуэри: карикатурэхэр, памфлетхэр зытх гуэрхэр тегушхуэрэ пащтыхьым и IуэхущIафэр е езы пащтыхьыр яубыну хуежьэмэ, ахэр лIыукIхэмрэ ахъшэ нэпцI зыщIхэмрэ хуагъэдэу, я суд ищIэну езым къратыну.

Къаз-Джэрии, дауи, щыгъуазэт Наполеон хуэдэ къэрал унафэщI цIэрыIуэхэми апхуэдэ Iуэху къалъыкъуэкIыу зэрыщытам. Абы и дыхьэшхыр гъащIэм щекIуэкI мызахуагъэхэм ятеухуащ, аращ а Iэщэр зытришэщIам щIылъэIэсыр. Адыгэ тхакIуэм и хъыбарыр дыхьэшхэн Iуэхущ къызыхихыр. Ауэ ар дыхьэш нэпцI мыхъуу, дыхьэгъ зыхэлъ IуэхугъуэкIи узэщIыжащ, сыту жыпIэмэ зылъэкIыр зылъэмыкIым егуэуэну хуитщ, нэхъ акъылыфIэр нэхъ акъылыншэм еубзэн хуейуэ къыщыгъэлъэгъуащ. Дэлхъин и шахыр зэрыделэр къигъэнэIуэф щхьэкIэ, абы и бжьым къыщIэкIыфыркъым, псэуху пащтыхьым и Iуэхутхьэбзащ1эу тетынущ дунейм. АтIэ ар захуагъэ? Апхуэдэу узрегъэупщIыж тхыгъэм.

Аракъэ тхакIуэ нэсри зыхущIэкъун хуейр - цIыхум и нэр къигъаплъэу пэжыр иригъэлъагъунракъэ? АтIэ а пэжри тегушхуэгъуафIэ уагъэщIынут пащтыхьымрэ абы и блыгущIэтхэмрэ? УтекIуэдэнкIэ хъунут а пэжым. Ар нэхъ бзыщIа, нэхъ щIэуфа хъун папщIэщ Къаз-Джэрий лъахэм иIэбыкIыу Персиер къыщIищтар, къэжэр шыпсэ дыщIригъэдаIуэр. Пащтыхьымрэ абы и пыхъуэпышэхэмрэ ятеухуащ «Къэжэр таурыхъыр». Апхуэдэу ар ятеухуащ цIыхубэр зыгъэпщылI адыгэпщхэм, абыхэм я къуэдзэхэм, уэркъхэм.

И тхыдэм ищхьэрэжь щIригъэхуу ар жыIэгъуэ дахэхэмкIэ игъэщIэрэщIэну иужь иткъым Къаз-Джэрий. Егъэлеяуэ зыри хэткъым абы. ТхылъеджэхэрИ зэгъэпщэныгъэхэмкIэ е цIэ жыIэгъуейхэмкIэ иригъэзэшыркъым - IэкIуэлъакIуэу къегъэсэбэп щIыпIэцIэхэр, цIыхухэм я цIэхэр.

«АкъылыфIэу гупсысэм гурыIуэгъуэуи къеIуэтэж», - жиIэгъащ философ цIэрыIуэ Шопенгауэр Артур. Абы зи гугъу ищIыр Къаз-Джэрий хуэпхь хъунущ. ТхакIуэм и гупсысэр гурыIуэгъуафIэщ. АтIэ тхыгъэм и тхыкIэ хъуамрэ и гупсысэр зэрыузэщIамрэ зэтлъытыжа нэужькIэщ дэ щыгъуазэ дыщыхъур дызэджэр фIы дыдэ хъуами, зыгуэрым къытращIыкIыжа мыхьэнэншэми.

Езыр зыхэт гъащIэм и пэжыр къиIуэтэн папщIэ, Къаз-Джэрий и тхыбзэри пэжым хуэузэщIащ. «Къэжэр таурыхъым» мыIупщIрэ щIагъыбзэу зыри хэткъым. ТхакIуэм дигъэлъагъуну зыхуейр, язынықъуэхэм деж, псалъэ шэрыуэ зыбжанэкIэ нэрылъагъу тщещI, язынықъуэхэм дежи, зэрелIалIэшхуэ щымыIэу, куууэ зыхыдегъащIэ езыр зыгъэпIейтейр. Абы и дэтхэнэ лIыхъужьми езым и шыфэлIыфэ, и хьэл-щэн, и дуней тетыкIэ иIэжщ. ЗэпIэзэрыту, зэзэмызи къызэрыкIрэ зыгуэрхэм хуэшхыдэу, ар ятопсэлъыхь и тхыгъэм зи гугъу щищIхэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, псалъэ хъуэнрэ псалъэ хъуэррэ и мащIэу, Iейм и къуэпс кIуапIэхэр къыщIегъэщ. «Iейр Iейщ икIи абы ебэнын хуейщ, - урегъэгупсыс Къаз-Джэрий, - абы сыт хуэдэ хэку и хэщапIэми».

### ЩхьитI зыфIэтым хуэдэт ар

КЪАЗ-ДЖЭРИЙ СулътIан и гъащIэр къызэрекIуэкIам иджыри мыгурыIуэгъуэхэр хэлъщ. Къаз-Джэрий теухуауэ Мэзкуу и архивхэмрэ къэрал библиотекэхэмрэ къыщыдгъуэтар мащIэщ. Апхуэдэу щыт пэтми, а лIы Iущыр 1807 гъэм Псыжь адрыщI къызэрыщалъхуам (къыщалъхуа къуажэр иджыри тщIэркъым), хъымыщ адыгэ лъэпкъым зэрыщыщым дыщыгъуазэщ. Абы пасэу фIэкIуэдащ и адэр. «Анэ гущабэм срибын закъуэт, - етхыж езым - Фызабэ тхьэмыщкIэм сригугъапIэт икIи сабиигъуэ IэфIыгъэм сыкъыпыкIащ сэ пасэу».

*(КIэлъыкIуэр 5-нэ нап.).*


**Къэжэр шахымрэ абы и ажэгъафэмрэ.**

ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

# ЯПЭ АДЫГЭ ТХАКІУЭ

## Къаз-Джэрий СулътІан

460

*(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр 3-4-нэ нап.).*

Профессор Къумыкъу Тыгъуэн къызэригъэлъэгъуамкІэ, Шэрджэсым щылажьэ хамэ къэрал бзэгузехьэхэм ебэнын зэрыхуейр Хъан-Джэрий нэгъуэщІхэми къыдаІыгъауэ щытащ, псалъэм папщІэ, «Беслъэнейм щыпсэууэ щыта абы и къуэш Къаз-Джэрий СулътІан, полковник Азэмэт-Джэрий СулътІан, подполковник Мэгурыкъуэ, беслъэнеипщ Пщыкъуий сымэ». Хамэ къэрал бзэгузехьэхэм ебэныным а гупыр и телъхьэу зэрыщытам дэ шэч къытетхьэркъым, ауэ шэч къытыдохьэ Хъан-Джэрийрэ Къаз-Джэрийрэ зэкъуэшу зэрыщытам. Профессор Къумыкъу Тыгъуэн и тхыгъэм къыщигъэлъагъуэркъым а тІур зэрызэкъуэшыр къызэрищІа щІыкІэр. АтІэ Къаз-Джэрий езым итхыжауэ щыІэщ «анэ гу щабэм срибын закъуэт» жери. А щІэныгъэлІхэр зэунэкъуэщу щытагъэнщ, ауэ зэкъуэш дыдэу къэзыгъэлъагъуэ тхыгъэ къытхуэгъуэтакъым иджыри къэс.

ТхакІуэ Теунэ Хьэчими «Къэбэрдейм и тхакІуэхэмрэ и литературэмрэ» и къэхутэныгъэм Къаз-Джэрий къыщалъхуамрэ щылІэжамрэ мытэмэму къыщегъэлъагъуэ (1801 - 1843). А тхылъ дыдэм и етІуанэ къыдэкІыгъуэм зи гугъу ищІыр, и гъащІэм илъэс зыкъом хупещэри, щыпсэуар 1801 - 1870 гъэхэрауэ къыщыджеІэ. Еджагъэшхуэ Корзун Борисрэ профессор Гарданов Батразрэ Къаз-Джэрий къигъэщІа ныбжьыр яхуэубзыхуакъым.

Къаз-Джэрий тетхыхьа нэгъуэщІ гуэрхэри щыІэнкІэ мэхъу. КІурашын БетІал осетин усакІуэшхуэ Хетагуров Коста триухуа тхыгъэм мыпхуэдэу щыжеІэ: «Ставрополь дэта цІыхухъу классикэ гимназиер, Хетагуров Коста зыщеджар, къаухащ адыгэ тхакІуэщІэныгъэлІхэу Къаз-Джэрий СулътІани, Адыл-Джэрий СулътІани, КІашэ Адэлджэрии»...

Къаз-Джэрий Ставрополь дэта гимназием щеджакъым, щеджэнкІи Іэмал иІакъым. Гимназиер 1837 гъэм къызэІуахащ. Абы щыгъуэ Къаз-Джэрий Бытырбыху дэст. Ставрополь дэта гимназиер Кавказ Ищхъэрэм щыяпэу щытащ, «Кавказым щыщ», цІэри зэрихьэрт. ИужькІэ ар зэрахъуэкІыжащ цІыхухъу классикэ гимназиеу. Абы щрагъаджэрт лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм къахэкІ щІалэхэр - адыгэхэр, осетинхэр, шэшэнхэр, дагъыстэнхэр, н.

Зэрынэрылъагъущи, Къаз-Джэрийрэ а гимназиемрэ я Іуэху зэхэлъкъым. Япэ адыгэ тхакІуэм и сабиигъуэм теухуауэ дызыщыгъуазэр мащІэ дыдэщ. И щІалэгъуэм ар Хъан-Джэрий щІыгъуу Тифлис щыІащ. Кавказым и тет Ермолов Алексей ныбжьыщІэ Іущым гу къылъитащ. Къаз-Джэрий яхэтащ ирагъэджэну япэ дыдэу Урысейм ягъэкІуа адыгэ щІалэхэм. 1826 гъэм къызэрыгуэкІ сэлэту къулыкъум щыщІидзащ ебланэ фочауэ полкым, иужькІэ «лейб-гренадер ЭриванскэкІэ» зэджэжу щытам. Куэд мыщІэу ар урыс-къэжэр зауэм макІуэ. Урысыдзэр ебгъэрыкІуэрт. Шамхор, Елизаветполь, Аббас-Абад, Эриван, Сардар-Абад къалэхэр бийм къытрихыжри, генерал Паскевич зи дзэпщ урысыдзэр 1827 гъэм Тавриз (Тебриз) дыхьащ. Къаз-Джэрий хэтащ зэхэуэ псоми. ЛІыгъэ зэрызэрихьам къыпэкІуэу кърату медаль. 1830 гъэм юнкер мэхъури, Бытырбыху щыІэ Кавказ-бгырыс эскадрон ныкъуэм хагъэхьэ. Ар пащтыхьыр зыхъумэ гупу 1828 гъэм къызэрагъэпэщат, хэтхэри бгырыс лІакъуэлІэшхэм къахэкІат. Эскадрон ныкъуэр егъэбыдылІат «Пащтыхьым и фэтэр нэхъыщхьэкІэ» зэджэжым, нэгъуэщІу жыпІэмэ езы пащтыхь дыдэм и штабым, зи унафэ щІэтри граф Бенкендорфт. Бгырыс шууейхэм, адыгэ фащэ щІыкІэу щІауэ, щыгъын дахэ ящыгът. Офицер фэилъхьэгъуэм хыхьэт къэптал фІыцІэ къызыдэщ адыгэ цей щхъуантІэр, бащлыкъ гъуафэр, мэлыфэ фІыцІэм къыхэщІыкІа пыІэ, и натІэ къекІуэкІым дыжьын уагъэ къедэкІауэ, гъуэншэдж быхъу, дыжьыныфэ куситІ и бгъухэмкІэ зэдехыу. Урысейм къакІуэ хьэщІэ лъапІэхэми пащтыхьыр яхуэупсэрт а фащэмкІэ.

Къаз-Джэрий дзэ къулыкъум зэманышхуэ фІихьырт, итІани, жэщмахуэ имыІэу, абы иджырт урысыбзэмрэ литературэмрэ, тхэн Іуэхуми ерыщу пылът.

Кавказ-бгырыс эскадрон ныкъуэм абы илъэс пщыкІузкІэ къулыкъу щищІащ. А шууей гупым абы и закъуэтэкъым тхэн Іуэхум зезытауэ адыгэу хэтар. Къаз-Джэрий щІыгъуу Бытырбыху а лъэхъэнэм щыІащ Къэбэрдейм щыщ еджагъэшхуэ Нэгумэ Шорэ, тхакІуэ-этнограф Кърым-Джэрий, зэкъуэшхэу Хъан-Джэрийрэ Адыл-Джэрийрэ. Абыхэми я лъэпкъым къыхуэщхьэпэнкІэ хъуну Іуэхугъуэхэр зэрагъэзахуэрт, я къалэмыпэхэр ягъэжант. «Къулыкъу сщІэну Бытырбыху сыкъэкІуа нэужь, - итхыжащ Нэгумэ Шорэ, - адыгэ грамматикэ стхыну сщІа мурадыр нэхъри къыспкърыхьати, къулыкъум сыкъыщыдэхуэ сыхьэтхэр къэзгъэсэбэпурэ, щІэздзащ урысыбзэмрэ абы и грамматикэмрэ джын».

Нэхъ щІэхыу а Іуэхум иужь ихьэныр къызыхэкІа нэгъуэщІ зы щхьэусыгъуи щыІэщ. Нэгумэмрэ Къаз-Джэрийрэ Бытырбыху къэкІуэным и пэ къихуэу эскадрон ныкъуэм хэт адыгэхэм урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ ирагъэджу щІадзат. Петин Сергей зэритхыжамкІэ, а Іуэхур мыпхуэдэу яублат:

«Язынысъуэ офицерхэмрэ Іэщэзехьэхэмрэ урысыбзэр яджыну зэрыхуейр щыжаІэм... занщІэу университетым а Іуэхум хухихащ кандидат Грацилевский Иван. Ар къэжэрыбзэкІэ фІыуэ псэлъэфырт, хьэрыпыбзэр зэрызэхэлъми щыгъуазэт. А егъэджакІуэм урыс-адыгэ алыфбий зэхилъхьащ. ИужькІэ абыкІэ и гъэсэнхэр зэхуэтхэу щытащ. Еджэн щІадзащ 1829 гъэм фокІадэм и 1-м».

Грацилевскэм зэхилъхьа алыфбийм тету адыгэбзэр джын зэрыщІадзам мыхьэнэшхуэ иІэт. Шэч хэлъкъым абы алыфбийр щызэхилъхьэм адыгэ гуэр зэрыдэІэпыкъуам, ауэ дэІэпыкъуар хэтми тщІэркъым.

Урысейм и цІыху нэхъыфІхэм я гупсысэ щІэщыгъуэхэм щыгъуазэ зыщыпщІыну Бытырбыху нэхъ щІыпІэфІ а лъэхъэнэм щыІакъым. И лъэпкъэгъу адрей щІэныгъэлІхэми хуэдэу, Къаз-Джэрий нэхъыбэ къызэрищІэным хущІэкъурт, щІэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыгъуазэ зищІырт. Псом хуэмыдэжу ар егугъуащ Урысейм щекІуэкІ гъащІэр, езыр щыпсэу лъэхъэнэм къыщыхъухэр кууэ зэригъэщІэным. Апхуэдэ дыдэу ар хущІэкъурт къызыхэкІа и лъэпкъым и тхыдэр зэрызэригъэщІэным, Урыс-Кавказ зауэм къежьапІэ хуэхъуар къызэрихутэным.

1830 гъэм бгырыс шууейхэм я еджэныр зэпамыгъэууэ хъуакъым. Хъан-Джэрий я шу пашэу эскадрон ныкъуэр Польшэм ягъакІуэ, абы къыщаІэта зэщІэхъееныгъэр зэхэзыкъута дзэхэм яхэту. Зы мазэ нэхъ дэмыкІыу бгырыс шууейхэр Вильнэ дыхьащ. Остроленкэ, Верпен, Райгород, апхуэдэу Панар лъагапІэхэм щекІуэкІа зауэ гуащІэхэм Къаз-Джэрий лІыхъужьыгъэ нэс къыщигъэлъэгъуащ. Абы сыт щыгъуи щІыгъуащ Іэщэзехьэ Нэгумэ Шорэ. Нэгумэм зэрихьа лІыгъэм папщІэ кърат орден. 1831 гъэм мэкъуауэгъуэ мазэм и 16-м Ковнэ пэгъунэгъуу зэхаубла зэхэуэшхуэм Къаз-Джэрий уІэгъэ щохъу, мышынэжу зэрызауэр къалъытэри, кърат «Зэрихьа лІыгъэм папщІэ» жиІэу зытетха дыщэ медалыр. Абы и ныбжьэгъуфІ икІи и Іыхьлы Хъан-Джэрийри Іыхьэншэ хъуакъым, Іэзэу унафэ зэрищІамрэ езым лІыгъэ щапхъэ игъэлъагъуэу и шууейхэм япэ зэритамрэ къалъытэри, штаб-ротмистр ящІ. Бгырыс шууейхэр Ригэ, Минск къалэхэр къызэпаупщІри, 1832 гъэм Бытырбыху къосыж.

1832 - 1835 гъэхэм ящыщ зым тохуэ Къаз-Джэрий тхакІуэ Муравьев Андрей нэІуасэ щыхуэхъуар. А тхакІуэм и ІэдакъэщІэкІхэм, гъуэгуанэ тхыгъэхэм куэд къыщыбгъуэтынущ Кавказымрэ КъуэкІыпІэ Гъунэгъумрэ я тхыдэр джыным теухуауэ. 30-нэ гъэхэм Муравьев тхакІуэ Іэзэу и цІэр ІуакІэт. Пушкини щытхъуауэ щытащ абы «1830 гъэм бегъымбар щІыналъэхэм къызэрыщыскІухьар» зыфІища и тхылъ томитІ хъум. А тхылъыр абы лъэмыж хуэхъуащ Синодым и прокурор къулыкъур иубыдынымкІэ, иужькІэ ЩІэныгъэхэмкІэ Урысейм и Академием и лъэр нихьэсынымкІэ. 1836 гъэм зи ныбжьыр илъэс 30 ирикъуа Муравьев камергер хъуакІэт. Пушкинрэ Муравьеврэ фІыуэ зэрыцІыхурт. «Арзрум къызэрыщыскІухьам» тхыгъэм Пушкиным абы и цІэ къыщреІуэ: «Тырку зауэм хэта усакІуэхэм ящыщу сэ сцІыхуу щытар А. С. Хомяковрэ (зи гугъу ищІыр япэу Урысейм университет къыщызыуха Къуэдзокъуэ Лэкъумэн илъэс куэдкІэ зи деж щыпсэуа икІи щеджа Хомяковырщ) А. Н. Муравьеврэщ. ТІури хэтащ граф Дибич и дзэм. А лъэхъэнэм зым итхащ псэм и щІасэ усэ зыбжанэ, адрейр елэжьырт иджы апхуэдизу псоми ягу ирихь и тхыгъэм - бегъымбар щІыналъэм къызэрыщикІухьам теухуам».

Зы зэман Пушкинымрэ Муравьевымрэ зэщІыгъуу еблагъэу щытащ гуащэ Волконскэ Зинаидэ и литературэ хьэщІэщым. Абы екІуалІэрт Мицкевич Іэдэми, нэгъуэщІ тхакІуэ цІэрыІуэхэри.

Муравьеви усэкІэ тхэуэ къыщІидзат. Зэгуэрым Волконскэхэ ар къызыщеджауэ щыта и усыгъэм ауан дыджкІэ жэуап иритыжыгъащ Пушкиным.

Хэт ищІэн, абы дерс къыхихагъэнт Муравьев, афІэкІа усэ итхыжакъым, ауэ пщІэ зыхуащІ тхакІуэ хъуащ. Пушкиныр щІакІуэ кІапэм щаукІыху, абы и ныбжьэгъуфІу щытащ. ИкІи Муравьеву хуэбгъэфащэ хъунущ Къаз-Джэрий урыс усакІуэшхуэм къезыгъэцІыхуар. Пушкинми хуэфащэ гулъытэ хуищІащ бгырыс щІалэ гурыхуэм. Арыншауи дауэ хъунт?! Езы усакІуэшхуэми Урысейр Кавказым пыщІа хъунымкІэ хэкІыпІэ нэхъыщхьэу къилъытэрт урыс щэнхабзэм бгырысхэр къешэлІэн зэрыхуейр. Ауэ Пушкиным къыгурыІуэрт а Іуэхур зэрыхэплъэгъуэр.

«Адыгэхэм дыкъалъагъу хъуркъым», - щетх абы «Арзрум къызэрыщыскІухьам». Апхуэдэу щІыщытыр зыгъэзахуэ щхьэусыгъуэри асыхьэту къехь: «Дэ ахэр тетхуащ я хъупІэ хуитхэм; я къуажэхэр зэхэтфыщІащ, язынысъуэ лъэпкъхэр къанэ щымыІэу зэтедукІащ».

Мыбдежым тхыгъэм, ар хъыбар гукъеяуэншэм хуэдэу укъуэдиями, шэч хэмылъу, а лъэпкъхэр егъэкъуаншэ. Пушкиным къелъытэ бгырыс жыІэмыдаІуэхэм я «гужьгъэжьыр» гъэкІуэдауэ урыс лъэпкъышхуэм и жьауэм щІэгъэувэным, тырку сулътІаным ахэр къыбгъэдэшауэ, щІэныгъэм и гъуэгур яхузэІухыным Урысейм и къэрал щІыб ІуэхумкІэ иІэ мыхьэнэшхуэм и мызакъуэу, езы адыгэхэми абы я сэбэпышхуэ къыхэкІыну.

Зэрынэрылъагъущи, декабристхэми хуэдэу, Пушкинри «сэхъуахэр гъэІурыщІэным» и телъхьэщ. ДапхуэдизкІэ езыр пащтыхьым еныкъуэкъуу щымытами, адыгэхэм лей къазэрылъысыр гукъеяуэшхуэ щыхъуу щытакъым Пушкиным. Дауи, абыи игъэгъуащэртэкъым тепщэгъуэ лъэщ зиІэ унагъуэм къызэрыхэкІар. Сыт щхьэкІи абы игу щІэузынт и лъэпкъэгъухэр джатэ къихакІэ зэзауэ адыгэ ябгэхэм? Апхуэдэу щымытамэ, «ябгэ», «сэхъуа», «хьэл мыхъумыщІэхэр зыхэлъ» псалъэ жагъуэхэмкІэ ещынтэкъым нэгъуэщІ лъэпкъым, ар зэрымащІэм нэхъ къуаншагъэ зыбгъэдэмылъ лъэпкъым. АтІэ и гъуэгуанэ тхыгъэхэми ар фирхьэуным хуэдэущ, нэ гущІэгъуншэкІэщ абыхэм зэреплъыр. Мыпхуэдэуи итхащ абы: «Ахэр ягъэсабырыну сыт ящІами псыхэкІуадэ хъурт. Ауэ лей ирахыу щыщІадзам, ар нэхъ яхэзэгъащ». Пэжщ, а псалъэ гущІэгъуншэхэр иужькІэ щІетхъэж, къыгурыІуэжагъэнт гущІэгъуншагъэм бгырысхэми ар дыдэр къызэрыпагъэкІуэжыр. УсакІуэшхуэр абдежым и бзэгум едзэкъэжын хуеят, сыту жыпІэмэ чристэн диным кърагъэхьэну хэт лъэпкъхэр къэкІуауэ Урысейм езауэртэкъым, Урысейрат кІуауэ ахэр лъэгущІэтын зыщІыр.

Пушкиным апхуэдэу фІэкъабылт бгырысхэм Евангелиер егъэджыныр, зызэман ахэр зэрыта чристэн диныр къегъэщтэжыныр. Ныкъуэтхыу къэна «Тазит» поэмэри зытегъэпсыхьар а гупсысэрат.

«Арзрум къызэрыщыскІухьам» адыгэ хабзэхэм, адыгэхэр зыхуитхэмрэ зыхуимытхэмрэ щытепсэлъыхьурэ, абы мыпхуэдэу щетх: «Адыгэхэм муслъымэн диныр къызэращтэрэ куэдыщэ щІакъым. Ахэр итхьэкъуат КъурІэным и бегъымбархэм яхэлъа лъагъумыхъуныгъэ лъэщым... Кавказыр поплъэ чристэн миссионерхэм».

Ауэ а зи гугъу ищІыр а лъэхъэнэм пхуэмыгъэзэщІэн Іуэху нэпцІт. Езы Пушкини игъуэтакъым чристэн диныр лъэпкъхэм яхипщэу къэзыкІухьын, апхуэдэу къыщакІухьу щыта зэманыр щыІэжтэкъым. Аращ и «Тазит» поэмэм хэт «миссионерыр» зыкъомкІэ ІэрыщІІурыщІу щІыщытыр. «Езы Тазит миссионер щІыжамэ дауэ хъунут?» - жиІэу Пушкиным гукъэкІ ищІамэ-щэ? ИтІанэ абы, шэч хэмылъу, игу къэкІыжынт Нэгумэ Шори Къаз-Джэрии, урысыдзэм къулыкъу щызыщІэ, щІэныгъэ зиІэ а адыгэхэр, езыхэм ящІыгъуу зи лъэпкъэгъухэм ятеуэу щытахэр...

1832 гъэм Кавказ-бгырыс эскадрон ныкъуэр щІагъэтІысхьат статскэ чэнджэщэгъу Львов и унэм. Бгырысхэр абы щебгъэджэну ар куэдкІэ нэхъ зэІузэпэщт, Семеновскэ полкым и казармэхэм нэхърэ. Іэщэзехьэхэмрэ юнкерхэмрэ цІыху тІурытІ-щырыщурэ щІэгуэшат пэшхэм. Дэтхэнэми иІэжт и гъуэлъыпІэ, пхъэхуейм екІурэ ещхьу къыхащІыкІауэ шэнтитІ, жэщ-махуэм хуэзэу зы кІэртІоф уэздыгъи иратырт. Жандармхэм я Іэтащхьэ Бенкендорф къилъытэрт: «Быдэу зэракІэлъыплъам икІи зэракІэлъыплъым къызэригъэлъэгъуамкІэ, бгырыс щІэныгъэншэ къэгубжьыгъуафІэхэм нэхъ яхэззэгъэнут я псэупІэр (эскадрон ныкъуэр зыщІэс унэр) мин зыбжанэ тегъэкІуэдауэ зэгъэпэщыныр, езыхэм я хабзэмрэ нэхъ къызэращтэмрэ елъытауэ абы щыпсэун папщІэ».

Къаз-Джэрий нэхъ и фІэщу тхэуэ щІидзащ корнет (офицер цІэр фІэщын къызэрыщІадзар абыкІэт) ящІа нэужь. Офицерыр хуит ящІырт фэтэр къищтэну. Къаз-Джэрий Бытырбыху и щІыпІэ нэхъ щэхухэм ящыщ Ротэ хьэблэр хэщІапІэ ещІ. Лэжьэну закъуэмэ, зыри зэран къыщыхуэхъунутэкъым. АтІэ езыми гукъыдэжышхуэ иІэт тхэну, и къарур игъэунэхужыну. Абы щыгъуэщ офицер щІалэм къалэмыр къызэрыхуэжыІэщІэр къыщипщытар, тхэфынрэ мытхэфынрэ щызэхигъэкІар. Тхэф хуэдэт...

1834 гъэм и гъэмахуэу Къаз-Джэрий Кавказым кІуэжащ. Сыт хуэдэ Іуэхут абы иІэр? Бгырыс яхуэмысабырхэр къигъэдэІуэн мурадкІэ ежьат хьэмэрэ и лъэпкъэгъухэм ятеуэну дзэм яхэту зыщалъхуа лъахэм къыщыхутэжат? И зыгъэпсэхугъуэр я деж щигъэкІуэну кІуэжами хэт ищІэн? Дэ абы дыщыгъуазэкъым. Апхуэдэу дэ дыщыгъуазэкъым адыгэ ІуэрыІуатэр зэхуэхьэсыжынымкІэ Къаз-Джэрий сыт хуэдэ лэжьыгъэ иригъэкІуэкІами. Ауэ дэ шэч къытетхьэркъым абыкІэ и щІыхуэ къызэрытемынам. Кавказым ар къикІыжат и псэкІэ нэхъ жумарт, игукІэ нэхъ къулей хъуауэ, гухэхъуэ ин игъуэтарэ тхэным хуэпабгъэу. ИкІи и гурыфІыгъуэхэр имыухыж щІыкІэ елэжьын щІедзэ и гъуэгуанэ тхыгъэм - «ХьэжытІэгъуей аузым». Абы зделэжьым ар щІэх-щІэхыурэ хуэзэт Муравьев Андрей, икІи ар щІигъэдэІурт и нэгу щІэкІахэм, и лъэпкъэгъухэм я Іуэху зыІутым, Урысеймрэ адыгэхэмрэ фІыкІэ зэдэгъэлэжьэным зэрегупсысым. Муравьев лІы Іущым къыгурыІуэрт Къаз-Джэрий зыхущІэкъур, къыгурыІуэрт щІэныгъэ ІуэхукІэ урыс пащтыхьыр щІэгъэкъуэн зэрымыхъунур. Абы Іэхъулъэхъут Кавказым хуихьыр. А псори, и щхьэр течауэ, и ныбжьэгъу бгырысым хужемыІэми, и жагъуэ зэримыщІыным елІалІэу, щабэу ириІуэтылІэрт Къаз-Джэрий зи ужь ит Іуэхур занщІэу зэрызэфІэмыкІынур. Ауэ а адыгэм итхам щеджам, Муравьев ибзыщІакъым «ХьэжытІэгъуей аузыр» игу зэрырихьар. Шэч хэмылъуи арат Къаз-Джэрий и тхыгъэр Пушкиным и «Современник»-м езыгъэхьар. Пушкинри гуапэу къыІущІащ и цІыхугъэ адыгэм, тхыгъэр Іихри къигъэгугъащ хущІыхьэгъуэ зэрихуэу еджэну, еджэрэ игу ирихьмэ, гъуэгуанэ тхыгъэм (повестым) щыщ зы пычыгъуи хутридзэну.

Урыс тхакІуэшхуэм игъэпэжащ и псалъэр: тхыгъэр, зыри зэримыхъуэкІыу, тридзащ и журналым.

Кавказыр фІыуэ зылъагъу урысхэр гуапэу ІущІащ журналым адыгэ тхакІуэм и тхыгъэ зэрытрадзам, ауэ ар шэуэ къызытехуахэри щыІэт. Жандармхэм я Іэтащхьэ граф Бенкендорф къигъэІэлат «ХьэжытІэгъуей аузыр» езыр къемыджауэ дунейм къызэрытехьам. Кавказыр пщылІыпІэм игъэувэным, щыпсэухэр урыс щІыным нэхъуеиншэу щІэбэн а лІы бзаджэм занщІэу и нэм бжэгъуу къыщІэуащ хуитыныгъэ Іуэхур къызыхэщ гъуэгуанэ тхыгъэр, ари зытхар адыгэу. Журналыр къыдэкІри, махуиплІ дэкІауэ, 1836 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м, абы кІэзонэ письмо хуетх «Современник»-р къыдэзыгъэкІым икІи абы и редакторым:

«Зи пщІэр лъагэ Александр Сергеевич! Уэ къыдэбгъэкІ «Современник» журналым и япэ томым итщ лейб-гвардие Кавказ-бгырыс эскадрон ныкъуэм и корнет Къаз-Джэрий СулътІан зэхилъхьа «ХьэжытІэгъуей ауз» тхыгъэр. Зи щІыхьыр ин пащтыхьым мыхьэнэшхуэ зиІэ и унафэм, 1834 гъэм къищтам, къегъэув Департаментхэм я Директорхэм, Штаб УнафэщІхэм, Интендант-генералхэм япэщІыкІэ хуит зыкърамыгъэщІауэ къулыкъущІэ дзэзешэхэми, къэралым хуэлажьэхэми литературэ тхыгъэхэр - езыхэм ятхами зэрадзэкІами, ахэр сыт хуэдэ лІэужьыгъуэуи щрет - печатым ират мыхъуну.

Корнет Къаз-Джэрий СулътІаным и тхыгъэ зи гугъу тщІыр нэхъ пасэу къызахьэлІакъым срагъэплъыну, ар си штаб унафэщІми ирагъэлъэгъуакъым»...

Абы къыхэкІыу Пушкиным хуагъэувырт дяпэкІэ апхуэдэ тхыгъэхэр тридзэн и пэ къиихуэу Бенкендорф е абы и штаб унафэщІым иригъэлъагъуу хуит зыкъригъэщІын хуейуэ. Шэч лъэпкъ хэмылъу, а унафэр Къаз-Джэрий СулътІани къыІэрыхьат эскадрон ныкъуэм и дзэпщым е езы Пушкин дыдэм къыбгъэдэкІыу. Пушкини Къаз-Джэрий СулътІани зэуэ апхуэдэ письмо къаІэрыхьагъэнкІи мэхъу. А псори зэпыдолъытри, Къаз-Джэрий Муравьев хуигъэхьа письмор щитхар 1836 гъэм мэлыжьыхь мазэм и кІэхэрауэ тыдогъэахуэ. Мыращ письмом итар:

«ПщІэшхуэ зыхуэсщІ Андрей Николаевич! Сэ си гугъащ нобэ уи деж сынэкІуэну, ауэ си узыншагъэм и зэранкІэ а гурыфІыгъуэм сыхон.

Дыгъуасэ, фи деж сыкъикІыжа нэужь, сэ щыгъуазэ сыхъуащ пщым *(зи гугъу ищІыр Бенкендорфщ* - **Хь. М.**) хуит имыщІауэ офицерхэм я тхыгъэхэр трырагъэдзэну зэрыхуимытыр, апхуэдэу щыщыткІэ, ди эскадрон шу пашэр сэ абыкІэ Бенкендорф езгъэлъэІун хуейщ. Абы къыхэкІыу, уэ аргуэру лъэІукІэ зыпхузогъазэ: си ныбжьэгъум и жэрдэмкІэ стхыуэ къазэрыщыхъур къищІэну, абы литераторхэм ярита си дэфтэр цІыкІур къысхуэбгъуэтыжыфмэ уеплъыну. Бенкендорф ар щабзыщІынщ, ауэ жраІэнущ иджы зыгуэр стхымэ трезгъэдзэну хуит сищІыну; ар и щхьэусыгъуэу стха гуэр еджэн мурад ищІмэ, уэри уощІэ, абы фІэкІа сэ нэгъуэщІ зэрызимыІэр.

Уэ сыкъызэрыплъытэмкІэ, уи ныбжьэгъуфІ, литературэмкІэ къуэш пхуэхъуа Къаз-Джэрийщ пщІэшхуэ пхуищІу нэзытхыр».

***(КІэухыр 6-нэ нап.).***


**Гвардием хэтхэм Царское Село зыщагъасэ. ПщІэгъуалэм тесыр Къаз-Джэрийщ.**
*Сурэтыр* **Крюгер Франц** *ищІащ. 1832 гъэ*


**Эскадрон ныкъуэм и обер-офицер.**
*Сурэтыр* **Белоусов Леонид** *ищІащ. 1833 гъэ*


**Тэтэрхэмрэ адыгэхэмрэ я зауэ.**
*Сурэтыр* **ПэтІуащІэ Феликс** *ищІащ.*


**Къэбэрдейм щыщ зауэлІ.**
*1844 гъэ*




Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ

● Зы уэрэдым и хъыбар

# Щауей Нэкурэ и уэрэд

**Адыгэ уэрэдыжьхэм ди деж къахьэсащ лІэщІыгъуэ куэдым я хъыбар. Илъэсищэм нэблэгъа уэрэдым и хъыбарым лъыхъуэн щыщІэздзэм, япэу зыхуэзгъэзащ композитор ХьэІупэ ДжэбрэІил.**

- ЩАУЕЙ щыІэкъым, щыІэр Щауэхэщ, - жиІащ ДжэбрэІил. - Ахэр лъэпкъкІэ Бахъсэн щыщщ. ЛампІэжьхэ я лІыжь гуэрымрэ си малъхъэ ЛампІэжь БетІалрэ мы хъыбарыр къызэрызжаІэжар зэтохуэ. Еуэри, Щауэ Нэкурэрэ ЛампІэжьхэ МацІушрэ гухэлъ зэхуащІат. МацІуш къызэрыгуэкІ щІалэт, мэлыхъуэт. Нэкурэ зыхузэфІэкІ дэлъхухэр иІэти, ткІийуэ яукъуэдиящ я шыпхъур абы ирамытыну. Сытми, Нэкурэ нэгъуэщІым дагъакІуэ. Ар зи гум щІыхьа МацІуш Лэтокъуэ Іэсхьэд деж кІуащ: «Нэкурэрэ сэрэ ди лъагъуныгъэм теухуауэ зы уэрэд тхуэус», - жиІэри. ЗэраІуэтэжымкІэ, Лэтокъуэхэ пшынауэ я куэдт, Іэсхьэди уэрэдусу яІэт. Сытми, ЛампІэжь МацІуш и лъэІукІэ уэрэдыр дунейм къытехьащ. Ар къыщыхъуар 1920 гъэхэрауэ хуагъэфащэ. Щауэ Нэкурэ Джэрмэншык къуажэм щыпсэуауэ, абы щыщІалъхьэжауэ жаІэ. МацІушрэ Нэкурэрэ я лъагъуныгъэр жьым ирихьэжьэжащ, уэрэдыр игъащІэ псокІэ дунейм къытенащ.

**КІУНТІЫЩ-ХЬЭПЦІЭ Аннэ.**

* * *

**Уэредэ, гъатхэри мэхъури, сэрмахуэ,**
**жыгхэр мэгъагъэ.**
**Сэ сыныпкІэлъыгъыурэ, рэ-у-уей, дуней,**
**Уэ Къущхьэхъумэ уокІуэ, мыгъуэ, уо.**

**Уэредэ, уи мэлыхъуэгъури, сэрмахуэ,**
**уи бгырыпх лалэмэ,**
**Сэ сыхъыджэбз щІалэти, рэ-у-уей, дуней,**
**Сэ сыделэгъуафІэ мыгъуэт, уо.**

**Уэредэ, уи мэлыхъуэгъуэри, сэрмахуэ,**
**гуэбэныч фІыцІэмэ,**
**Сэ мэл фІыцІэ слъагъумэ, рэ-у-уей, дуней.**
**Пшынэ сахуоуэ, мыгъуэ, уо.**

**Уэредэ, данэ бэлътокури, сэрмахуэ,**
**Къущхьэхъумэ ныпхузогъэхь,**
**КІапэ лейр къыщысхуебгъэхь(ы)ми, рэ-у-уей, дуней,**
**Тхьэ зызгъэнщІыжа, мыгъуэтэм, уо.**

**Уэредэ, уи мылыхъуэвхэри, сэрмахуэ,**
**зэрыбжьэисэрэ,**
**Сэ фи унэм исхэми, рэ-у-уей, дуней,**
**Сэ захыслъыта, мыгъуэт, уо.**



● Фэ фщІэрэ?

# Уэтэрихьэж

**Уасэ Іыхьэ.** Жылагъуэ зэхэтыкІэм ехьэлІауэ адыгэхэм яІа хабзэм зэреджэщ. Пасэм щыгъуэ пщым и пхъур лІы щыдэкІуэкІэ, уасэшхуэ кърату щытащ. А уасэм и зы Іыхьэ пщым и уэркъхэм, зэрахуэхъум хуэдэу, яхуигуэшырт. Апхуэдэм «уасэ Іыхьэ»-кІэ еджэрт.

**Уэлий (Пщы уэлий).** Къэбэрдейм и унафэр зыІэщІэлъу щыта пщым (пщышхуэм) и цІэм пагъэувэу щыта псалъэщ. «Уэлий» хьэрып псалъэр тыркухэм къагъэсэбэпу щытащ, «вилайетым (щІыналъэм) и тет, и унафэщІ» мыхьэнэ иІэу. А мыхьэнэр къикІыущ адыгэбзэм ар къызэрыхыхьари.

Къэбэрдейр плІыуэ гуэшауэ щытащ, пщы лъэпкъиплІым тещІыхьауэ. А лъэпкъиплІыр зэгурыІуэрти, абыхэм ящыщ зы Къэбэрдей псом и унафэщІу хахырт. НэхъапэІуэкІэ абы пщышхуэт зэреджэу щытар, и ужькІэ а псалъэм и пІэм «уэлийр» къиуващ. Нэхъыбэу уэлиигъэр зылъагъэсыр лъэпкъиплІым я нэхъыжьырт. 1807 гъэм къэсыху Къэбэрдейм пщы уэлийуэ тІу иІащ - зыр ХьэтІохъущокъуэхэрэ Мысостхэрэ, адрейр Бэчмырзэхэрэ Къетыкъуэхэрэ ящыщу. Абы и ужькІэ Къэбэрдейм зы пщы уэлийщ иІар.

**Уэркъытын.** Жылагъуэ зэхэтыкІэм ехьэлІа хабзэщ. XIX лІэщІыгъуэм и 60 гъэхэм къэсыху Къэбэрдейм уэркъыу исыр пщыхэм егъэбыдылІауэ, абыхэм я унафэ ягъэзащІэу къекІуэкІащ. Псалъэм папщІэ, пщыр зекІуэ ежьэмэ, ядежьэрт, зауэмэ, ядэзауэрт; пщым и Іизын хэмылъу жылэхъуэж ящІынуи хуиттэкъым.

Уэркъхэм къулыкъу къызэрыхуащІэм щхьэкІэ, пщыхэм абыхэм «уэркъытын» иратырт. А тыгъэр щытынкІэ хъунут Іэщыуи, Іэщэ-фащэуи, щыгъын фэилъхьэгъуэуи, щэкІыуи, н.къ. Уэркъытыныр зэхуэдэу убзыхуауэ щыттэкъым, пщым и зэфІэкІыр, и къулеягъырт ар зэлъытар.

**Уэтэр ныш.** Лэжьыгъэм, Іэщ гъэхъуным епха хабзэщ. Гъэмахуэ хъупІэхэм къикІыжу Іэщыр щІымахуэм щаІыгъыну щІыпІэм (уэтэрым) къахужа нэужь, Іэщыхъуэхэм выщІэ е жэмыбгъэ гъэшха яукІырти тхьэлъэІу ящІырт: хъуахъуэхэрт щІымахуэр узыншэу зэдыщІахыну, я лэжьыгъэм хьер къыпэкІуэну. Къадэхуэ лыр яшурти, ягъэгъужырт, щІымахуэ гъуэмылэу. Абы «уэтэр ныш»-кІэ еджэхэрт.

**Уэтэрихьэж.** Іэщ гъэхъуным епха хабзэщ. ЩІымахуэм Іэщыр щаІыгъ щІыпІэм ягъэзэжа нэужь, Іэщыхъуэхэм выщІэ яукІырти, ефэ-ешхэ ящІырт, Тхьэм елъэІухэрт. А дауэдапщэм хэту уэтэртесхэм «уэтэр шыгъажи» ящІырт. Абы щытекІуахэр ІэщкІэ, щыгъын фэилъхьэгъуэкІэ ягъэпажэрт.

Гъэмахуэ хъупІэхэм къикІыжу Іэщым щІымахуэр щрагъэхыну щІыпІэм къызэрысыжам иращІэкІ гуфІэгъуэм «уэтэрихьэж»-кІэ еджэу щытащ.

**Увэгъу (увэгъу хъун).** Лэжьыгъэ зэхущытыкІэм ехьэлІа псалъэщ. Іуэху гуэр зэдащІэну зэгурыІуэныгъэкІэ зэувэлІа цІыхуитІым щхьэкІэ «увэгъу зэхуэхъуащ» жаІэрт. Увэгъу зэхуэхъуахэм лэжьыгъэм къыпэкІуэ фейдэр зэрагуэшыну щІыкІэмкІэ зэгурыІуэ хабзэщ.

**Унажэ.** Жылагъуэ зэхэтыкІэм ехьэлІауэ адыгэхэм яІа хабзэщ. Зыгуэрым къуаншагъэ илэжьамэ, цІыху иукІамэ, иуІамэ, дыгъуамэ, лей зылъысахэр абы и унэм кІуэрт, къращІар ямыгъэгъуну. Абы «унажэ»-кІэ еджэрт.

**ДУМЭН Хьэсэн.**

● Кавказ



Дахэщ, екІущ Куржым и къалащхьэ Тбилиси.

● Къуажэхьхэр

## Хуабэ хъуамэ, унэм щІэс

**ГъущІыдзэ дзэ пхъашэ,**
**Пхъашэ кІуэхэм здашэрей.**

**ЩІыІэ хъуамэ, Іуащхьэм тес,**
**Хуабэ хъуамэ, унэм щІэс.**

**ПхъэхэкІ зекІуапІэ,**
**ПкІэунэ кІуапІэ.**

**КІыщым къыщагъэш,**
**Шагъдийм и лъэгущІыхь.**

**ГъущІ тыкъырышхуэ,**
**Уадэшхуэ пыІэ.**

**Жэщи махуи емызэш,**
**Зэш зымыщІэ вакІуэш.**

ЖЭУАПХЭР:

*Пхъэх. ПыІэ. ПкІэлъей. Нал. Сыдж. Трактор.*

*Зэхэзылъхьар*
**ЩОДЖЭН Леонидщ.**

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

## «Шэпнэси» хьэнтхъупс

Шэ къашагъащІэр яз, шыгуным псы щІыІэ тІэкІу иракІэ, абы шэ зар хакІэри, и щхьэр техауэ дакъикъитхухыкІэ къагъавэ. Хугу лъэсар шэ къэкъуалъэм хакІутэри тхъурымбэр къытрахыурэ къагъавэ. ЩІимысыкІын щхьэкІэ, шыуаныщхьэри техауэ щытын, зэпымыууи чымчыркІэ зэІыщІэн хуейщ. Мис иджы хьэнтхъупсыр хьэзыр мэхъу щыжаІэм деж шыгъу хадзэ, тхъу нэхъ къыщІидзын щхьэкІэ.

Хьэнтхъупсыр хьэзыр щыхъуам деж езыр гъуэжь дахэу, мэ гуакІуи къыхихыу щытщ. Зыри хамыкІэу пщтыру ираф.

***Халъхьэхэр (цІыхуих Іыхьэ):*** псыуэ - г 500, шэ къашагъащІэу - г 2500-рэ, хугуу - г 400, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

## Фом хэгъэвыхьа дэ купщІэрэ хьэкъуртрэ

Фор шыуаным иралъхьэ, хьэкум трагъэувэри бэлагъкІэ зэІащІэурэ ягъавэ. Іув хъууэ зэрыхуежьэу, дэ купщІэ гъэлыгъуа хьэжа хакІутэ, абы хугу хьэкъурт тракІутэжри, зэІащІэурэ Іув хъуху ягъавэ. Хьэзыр щыхъуам деж шыуан джабэм кІэрымыпщІэу, къыкІэрыщэту щытщ. Абы и ужькІэ шыуаным кърагъэщэтри Іэнэм тралъхьэ, яубэри, хуабэ щІыкІэ ІупщІэурэ зэпаупщІ.

Къудейуэ яшх. Шейм дезыфи щыІэщ. Сабийхэм хуабжьу яфІэфІщ. Дэ купщІэ гъэвар ІэшкІэ цІыкІуурэ пщІыи хъунущ.

***Халъхьэхэр:*** фоуэ - г 350-рэ, дэ купщІэ хьэжауэ - г 300, хугу хьэкъурту - г 100.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

● ГушыІэ

## Сэлам щхьэкІэ сыбампІэрэ сэ

«Волгэм» ису блэж лІыщхьэм сэлам ирихащ Чэрим.

- Укъилъэгъуакъым а сэлам зэпхам, - жиІащ Дизыкъуажэ, и псэлъэгъум зыхуигъазэри. - МашинэкІэ блэжым сэлам щІепхыр сыт?!

- Уэлэхьи, абы и сэлам щхьэкІэ сымыбампІэ, ауэ пщэдей си щхьэ Іуэху гуэркІэ сыхуейти аращ.

## И нықъуэр сиІащэрэт

ЗэлІзэфызыр зэфІэнат. ЛІым и псалъэр зэпиуду фыз губжьам:

- Сыту акъылыншэ ухъуа, дыдыд Іей мыгъуэ! - щыжиІэм:

- Бетэмал, нэгъуэщІ мыхъуми, а иджы сиІэ акъылым и ныкъуэр сиІащэрэт уэ пэшэгъу усщІыну сигу къыщихьам щыгъуэ, - пидзыжащ лІым.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. ... псы кІэрыпщІэрэ? **6**. Зеиншэ. **8**. УемыІусэ а удзым, укъисынщ. **9**. ЦІыху мыщхьэх, жэрдэмыщІ, хэлъэт зиІэ. **10**. Къурш лъэныкъуэмкІэ къриху жьы щІыІэтыІэ. **11**. «Адыгэ цІыхубэм и тхыдэ» тхылъыр зи ІэдакъэщІэкІ, ди лъэпкъым къыхэкІа япэ щІэныгъэлІхэм ящыщ. Абы и цІэр зэрехьэ Налшык и зы уэрамым. **14**. Дунейр ... къызэрыхъуу, паркым цІыху куэд кІуэуэ щІадзащ. **15**. Анэкъилъху. **20**. ЩыпсалъэкІэ зэІынэ. 22. ... зэрымытым Іэтэ ирегъэувэ. **23**. «Нал ...» - КІыщокъуэ Алим и роман. 24. Колхоз е рабочэ бригадэхэм я зэхьэзэхуэм щытекІуэм ирату щыта щэкІ плъыжь цІыкІу. **25**. БзэщІэныгъэлІ цІэрыІуэ, «Адыгская (Черкесская) энциклопедия» тхылъышхуэр зэхэзылъхьа Къумахуэ ... **28**. Псы Іуфэхэр зи щІасэ жыг. **32**. ХьэжыщІ къикІыжам нэмэз ... дахэ къыздихьащ. **33**. Ефэндыхэм я нэхъыщхьэ, хеящІэ. **36**. Гъыринэ. **38**. Куэдрэ щыта махъсымэм и щІэтІысыкІ. **39**. Гъавэ къагъэкІам щыщу тхьэмыщкІэхэм хухах Іыхьэ. **40**. Щхьэгъусэм и унагъуэм щыпсэу цІыхухъу. **41**. МахуэцІэ. **42**. Анэр - нэм, ар дэм хуагъадэ.

***Къехыу:*** **2**. Адыгэ драматург Іэзэ. **3**. ТхылъымпІэм итыр зэрыпэжым щыхьэт техъуэ дамыгъэ. **4**. Хэку зауэшхуэм зауэлІыр къикІыжащ ... телъу. **5**. Илъэсищым ит шыщІэхъу мыгъасэ. **7**. Уи бзэкІэ мыпсалъэ цІыху. **12**. Бзу ширхэм я унэ. **13**. Нартхэм я ныкъуэкъуэгъу лъэпкъ. **14**. ПІастапхъэ. **16**. ЩІымахуэм ягъэтІылъыжа щыгъын хуабэм хищІэ хьэпІацІэ къэзылъэтыхь. **17**. Адыгэм нэхъапэм къагъэсэбэпу щыта къэкІыгъэ - абыкІэ мэлыц хужьыр плъыжь дахэу ираІэрт, зи Іэбжьанэ зыли щыІэт. **18**. Щхьэусыгъуэ гуэркІэ жылэр зыбгынауэ бгыхэм, мэзхэм зыщызыгъэпщкІу. **19**. ЦІыху залымым, гущІэгъуншэм, фІэкІыпІэншэм щхьэкІэ а псалъэри къагъэсэбэп. **21**. ЩІалэр жэщу колхоз губгъуэм ихьэри ... из нартыху къигъэкІуэсащ. **23**. Адыгэм къахэкІа пшынауэ нэхъ Іэзэ дыдэхэм ящыщ, гъэсакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артист. **26**. Іуданэу зэхэща кІапсэ псыгъуэ цІыкІу. **27**. Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ пэшэгъу зэхуэзыщІа адыгэпщ. Абы и цІэр фІащащ Налшык и уэрам нэхъыщхьэхэм ящыщ зым. **29**. Шым и кІуэкІэ. **30**. Пхъэщхьэмыщхьэ гуащІэ цІыкІу. **31**. ЩІыфэм трищІэ, зи кІуэцІым жьы ириубыда ткІуэпс. **34**. Аруан районым щыщ къуажэ. **35**. «Іуащхьэмахуэ» журналым илъэс 40-м нэскІэ щылэжьа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ. **37**. Адыгэ уэрэдус, уэрэджыІакІуэ Іэзэу щыта Тхьэбысым ... **39**. ... куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ.



*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

***Мэлыжьыхьым и 7-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** 1. ДжэдыкІэ. **4**. Къанкъуэщ. **9**. Хъэуан. **10**. Къанж. **12**. Шэнт. **14**. Пхъэпс. **16**. Ажалым. **17**. Пшэрыхь. **19**. ХъумакІуэ. **20**. Іэнэ. **22**. Епэр. **24**. Бабыщ. **28**. Сэгъейщ. **29**. Іэжьэкъур.

***Къехыу:*** **1**. Джей. **2**. Дэлэн. **3**. КІэпхъ. **5**. Ауан. **6**. Къурашэ. **7**. Щыхь. **8**. Саугъэт. **11**. Адэжынэ. **13**. Нэрыбгэ. **14**. Пщыпхъу. **15**. Сэшхуэ. **18**. Къамбот. **21**. Нэрыгъ. **23**. ПщыІэ. **24**. Бзий. **25**. Щынэ. **26**. Уэс. **27**. Хьер.

● Псалъэжьхэр

## Аркъэн кІэлъумыдзыж

**♦КъуанщІэм нэ хуащІати, набдзэ жиІащ.**
**♦СопІащІэ жыпІэу шы лъэхъа умышэс.**
**♦Уи кІэ зэрымыкІынум уи щхьэ иумыІу.**
**♦Іуэху зи Іуэхур Іуэху ирохьэлІэри, шхэн зи Іуэхур шхын ирохьэлІэ.**
**♦Ажалыр бжэщхьэІум нэхърэ нэхъ благъэщ.**
**♦Псалъэ бутІыпщам аркъэн кІэлъумыдзыж.**
**♦Яжьэжь щІахар къыщІахьэжкІэ хуабэ хъужыркъым.**

# Умыгупсысэу къыбжьэдэхур пэжщ

● ЖыІэгъуэхэр

**♦Акъылыр иужьреймэ, ІэфракІэр дзэкъапІэщ.**
**♦Делэр ныбжькІэ зэхидзыркъым.**
**♦Иужьрей акъыл нэхъ зэгуэпыгъуэ бгъуэтын?**
**♦Псалъэмакъыр зы псалъэ закъуэу къожьэ.**
**♦УмыщІэ умыІуатэ жаІамэ, къапщІэ псор Іуэтэж жаІакъым.**
**♦Гъуэгу хэпш къудейкІэ зэфІэкІыркъым: лъэужьым зэ ирикІуэжырт. Зэман блэкІам укІуэцІрыплъыжыфмэ, къэкІуэнур хыболъагъуэ.**
**♦Уи япэкІэ мывэ хъурей бгъажэмэ, абрэмывэу къыпІуощІэж.**
**♦Гъатхэр хэкІасэкІэ бжьыхьэр епэсэуэн къанэркъым.**
**♦ГъащІэмрэ гугъэмрэ зэтемыхуэмэ, гугъэр нэпцІщ.**
**♦Дамэр жи ажалыр хъумпІэцІэджым и закъуэкъым.**
**♦КъыщІэбдзэж хъууэ щытамэ, гъащІэр зэІащІэпэнти.**
**♦ЩІакъуэмрэ башымрэ: зыщІэгъэкъуар мэщэІу, щІэгъэкъуар мэгыз.**
**♦Быным я лъэр бгъэуврэ уэри лъэрытету укъызэтенэмэ, яхуэпщІэну псор яхуэпщІат.**
**♦Умыгупсысэу къыбжьэдэхур пэжщ, аращ гупсысэн щІыхуейр.**
**♦Іуэхум хэщІмэ, узыІэпешэ, нэзыщІэхэр къоунэху.**
**♦ЩІэблэм щІэину лъабжьэфІ къахуэнэмэ, щхьэкІэр езым ящІыжынщ.**
**♦И щІыхуэ зытелъым лъыхъуэурэ, зи щІыхуэ телъым Іууащ.**
**♦Ущыуэн ущыуа нэужь, чэнджэщакІуэр къызэрыкъуох.**
**♦Щхьэж хуэгъэкъарур къыпщехуэ: хэт и нэфІ, хэти и ней.**
**♦Уи псэр зыхьэхур абы хуэныкъуэмэ, уи насыпщ.**

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

**ЖьэкІэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщІ Изэ.**



Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэхэу* **ДыщэкІ Соня, Джатокъуэ Залинэ,** *редакторхэу* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ, ТекІужь Заретэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ, Щоджэн Иннэ, Щоджэн Заирэ, ПхытІыкІ Азэмэт,** *корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.711 ● Заказ №458